**PANGAOS LANGGANAN:**
Sasasih f 1.70: sakwartaal f 5.—
Loeareun Indonesia......... f 7.50
Pamajaranana kedeh ti pajoen.

AGENT DI EUROPA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
N. Z. Kolk 19. — AMSTERDAM

# „SIPATAHOENAN"

Hoofdred: **Bakrie Soeraatmadja** — Plv. Hfd. red. **Mohamad Koerdie**
Dikaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun
Hoofdkantoor: Groote Posweg Oost No. 123 Bandoeng, Telf. Red No. 1520, Adm. No. 1520a, Telf Hoofdredacteur di imah No. 1530
Drukk. „Tjahja-Pasoendan" — Bandoeng

**PANGAOS ADVERTENTIE:**
Pamajaranana kedah ti pajoen.
pangsaeutikna sakali moeat f 2.50
Sadjadjar kolom........... f 0.25

AGENT DI INDONESIA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
Ryswyk 7B. — BATAVIA-CENTRUM

No. 49 — 2 Maart 1935 — Saptoe — 26 Hapit 1353 — Tahoen ka XII

Dikaloearkeun 2½ lambar — lambaran ka I

JOODKALIPILLEN TJAP „B. K."
jang soedah termashoer bagi
MEMBERSIHKEN DARAH SAKIT ENTJOK (rheumatiek) astma dan oerat² terasa kakoe (aderverkalking
Boleh dapet beli di saben toko² didalem pipah isi 20 pil, dengan atoeran memakannja
Monster dari 100 pil, dengan atoeran memakannja dikirim franco diroemah setelah terima kiriman postwissel dari f 1.— kepada
N— V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK—

## 2 MAART 1935

*EMOETKEUN sareng ESTOKEUN, reh tjoendoek ka waktoe datang mangsana, Djoeragan ngemoetkeun kana kaperloeanana „Sipatahoenan", ngestokeun kana waragadna.*

*Pertjanten moal bade diloeliloelina.*

*Adm. „Sip."*

## Hak tanah deui bae!

Batoer djenoek bala rea tangtoe pada hajang njaho, koemaha pamanggihna komisi-Spit, noe ka papantjenan ngoelik ieu perkara.

Tah, ajeuna ieu komisi geus ngedalkeun pamanggihna.

Noe geus dioemoemkeun kakara doea djilid, sarta noe sadjilid deui moal lila tangtoe njoesoel.

Geura di dieu oerang tjokot ringkesna noe perloe dipikanjaho koe oerang.

Naon noe djadi laratanana bangsa Indo hajang ngabogaan hak tanah?

Atoeran-atoeran noe aja henteu ngahalangan bangsa Indo pikeun ngabogaan hak tanah noe langgeng, tapi ieu kalonggaran teh ngan tiori bae.

Pikeun ngihtiaran meunangkeun hak eigendom keur bangsa Indo oemoemna teu katanagaan, sarta torodjogan djoeal beuli tanah djeung bangsa boemipoetra dilarang.

Koe sabab eta, tjeuk bangsa Indo:

*„De wetgever opene de mogelijkheid voor Indo-Europeanen-blijvers om, hetzij voor landbouwdoeleinden, hetzij voor woongelegenheid op meer eenvoudige en minder kostbare wijze dan thans mogelijk is, hier te lande duurzame grondrechten te kunnen verkrijgen in het bijzonder door middel van rechtstreekschen aankoop van gronden in het bezit van de inheemsche bevolking."*

Pihartieunana:

„Pamarentah perloe ngajakeun kalonggaran pikeun bangsa Indo noe bakal toemetep di dieu soepaja bisa ngabogaan hak-hak tanah noe langgeng, pikeun tatanen atawa imah-imah, sarta djalanna rada babari djeung belah makan ongkos saperti ajeuna. Babakoena sangkan bisa meuli tanah torodjogan ti bangsa priboemi."

Ieu kahajang timboelna make alesan kieu: „Pikeun bangsa Indo noe toemetep di dieu, ieu tanah teh djadi tanah toempah darahna.

Koe sabab eta, pikeun ieu golongan ngabogaan hak tanah noe langgeng teh, hidji hak bawa ti koedrat, djadi hak noe koedoe diadjenan (een natuurlijk en een heilig recht)."

Ieu kahajang babakoena aja tiloe roepa:

I. Menta soepaja bangsa Indo meunang meuli tanah ti bangsa priboemi. Lobana bisa diwatesan, sarta ditetepkeun, jen eta tanah beunangna didjoeal ngan ka bangsa Indo deui bae. Pangbeungkeut noe sedjenna bisa diajakeun koe djalan eta hak dingaranan Indisch eigendomsrecht, blijvers recht dj.s.t.

II. Menta soepaja bangsa Indo disaroeakeun sama sakali djeung bangsa priboemi. Koe djalan kieu maranehanana bisa ngabogaan hak milik noe taja wates wangenna.

III. Aja deui golongan, noe hajangna noeloengan bangsa Indo teh koe djalan kolonisasi di tanah tanah noe euweuh djelemaan (N. Ginia).

Koe komisi teu kaliwat diseboetan sagala roepa kabeuratan kana pamentana bangsa Indo.

Kieu tjenah:

Tangtoengan noe pangkerasna njeboetkeun, jen ngan pangeusi asali bae noe ngabogaan hak kana sagala tanah di Indonesia teh.

Aja deui noe ngakoe hakna bangsa Indo, doemeh djadi oerang dieu, tapi keukeuh jen bangsa Indo teh koedoe disaroeakeun heula sama sakali djeung bangsa Indonesiers.

Pidjalaneunana koe ngajakeun „Indisch-burgerschap".

Saphak deui nganggap, jen teu bisa ngahaminan, madjar bangsa Indo karoenoegian koe ajana Indianiseering.

Ngan sabagian leutik saenjana noe katarik koe patanian. Djeung na deui pamohalan bangsa Indo dadkeun ngoelangkeun patjoel.

Moonasabah pisan moen dipake salempang atoeran maro reudjeung atoeran kedok bakal nambahan.

Koe sabab eta, pikeun bangsa Indo mah, lain patanian, tapi garapan sedjen noe hade teh.

Kadjaba ti eta, koe asoepna bangsa Indo ka desa, bisa ngaroeksak tatali desa noe kawengkoe koe adat.

Komisi geus nampa roepa-roepa bongbolongan ti sababaraha pihak, saperti kieu:

1. Kaajaan ajeuna sing tetep.
2. Panangtajoengan hak milik koedoe dileungitkeun.

Antara ieu doea bongbolongan noe pohara patonggong-tonggongna teh, aja noe mere nasehat, soepaja nitikot djalan siger tengah.

Golongan noe kieu tangtoenganana, ngakoe kaadilanana pamenta bangsa Indo, tapi oge ngakoe kabeuratanana bangsa priboemi.

Koe sabab eta, pamanggihna direngkolkeun kieu:

*„Het bij uitzondering op Stbl. 1875 : 179 mogelijk maken van den rechtstreekschen aankoop van Inlandsche bezitrechten op grond door Indo-Europeanen-blijvers, doch onder waarborgen tegen: depossedeering *) van den Inlander, de vorming van grondbezit gepaard gaande met absenteisme **) of parasitisme en tegen verstoring van het adatrechtelijk gemeenschapsverband.*

Pihartieunana:

Ngawakilkeun ti noe kaseboet dina Stbl. 1875 : 179 soepaja bangsa Indo dimeunangkeun meuli tanah torodjogan ti bangsa priboemi, tapi make kaol (perdjangdjian), soepaja diajakeun boreh (waarborg) oelah nepikeun ka bisa kadjadian: moesnana tanah kagogana priboemi, ajana tanah noe ngalantarankeun djadina sistim ngamangandeuh djeung djadi matak pikeun pangbeungkeut desa noe kawengkoe koe adat."

Koemaha ari timbangan komisi?

Ieu bakal dimoeat dina djilid ka 3, noe ajeuna atjan kaloear.

Sakali deui geura taki-taki ti ajeuna, sasadiaan pikeun perang tjatoer dina ieu perkara, noe pohara pentingna pikeun lingkoengan hiroep koemboeh oerang!

*Noot Red.:*

*) Depossedeeren hartina ngamoesnakeun kaboga. Biasana ieu ketjap dipakena kieu: depossedeering van den Inlander. Ieu teh patali djeung tanah bogana bangsa priboemi. Saperti kieu deui:
De agrarische wet heeft tot doel, depossedeering van den Inlander te voorkomen. Hartina: Wet agraria maksoedna ngadjaga, soepaja tanah kaboga bangsa priboemi oelah leungit.

**) Absentiesme = atoeran ngawasakeun. Pikeun migawe tanah, radja-radja tanah masrahkeun ka noe sedjen. Maranehanana mah djongdjon bae di kota-kota gede djeung ngan tampa ngeunahna. Noe kieu ajana di Ierland sareng Friesland.

## Pasoendan

### Ti Djakarta.

DEUI-DEUI KALAPARAN?

Di desa Tjidadap kampoeng Tjiwaroe, onderdistrict djeung district Plaboehanratoe, geus ngeng deui bae meunang bedja ti salasahidji oerang dinja, tjenah di eta tempat geus kakoerangan dahareun, moen teu rek di seboet kaandjangan bahaja kalaparan teh. Malah loba noe njari ta padjah geus loba pisan djalma noe teu kararaban sangoe saremeh dina djero 3 á 4 powe teh.

Geus kanjahoan atjanna ieu ka djadian noe wadjib, masih tjan bisa dipastikeun. Tapi kitoe deui moega-moega bae noe katimpah koe kasangsaraan teh bisa meunang pertoeloengan sakoemaha koedoena.

Saenjana lamoen kaajaan di eta desa koe oerang dibandingkeun djeung desa-desa sedjen, poegoeh bae katjida bedana, lantaran pasawahan koerang sedeng pelak palawidja sering pisan meunang ganggoean hama djeung sasatoan. Noeroetkeun deui tjenah pangoeroes desana oge keur aja dina kakoesoetan, pantes rahajatna tjan bisa kaoeroes noe sabenerna.

ADMINISTRATIE DESA.

Gouvernementssecretaris ka I geus ngirimkeun soerat sebaran ka gouverneur-gouverneur West Midden djeung Oost-Java, anoe kieu oenina:

„Perhatian gouverneur-generaal geus katarik koe pamentana ti sababaraha pihak geusan ngingetkeun (ngentengkeun) kaajaanana administratie desa, lantaran noeroetkeun laporan-laporan ti sababaraha regentschap di poelo Djawa, kalolobaanana mah pagawe desa teh teu bisaeun ngadjalankeun administratiena.

Koe sabab kitoe ti sababaraha kaboepaten sabagian gede administratie desa dioeroesna geus dikantoran-kantoran onderdistrict bae, nepi ka pagawe kantoran teh diwadjibkeun ngagarap eta pagawean anoe sabener-benerna, tapi henteu ari djadi kawadjibanana (tanggoenganana) mah. Kabeubeurat pikeun golongan djoeroetoelis beuki nambahan bae, sabab toemali djeung dirioet keunana kaom djoeroetoelis tangtoe kaajaanana personeel di eta kantoran oge dikoerangan.

Koelantaran eta noeroetkeun anggapan toean Besar mah leuwih hade administratie desa teh oelah sina didjalankeun koe personeel kantoran deui, tapi sina digarap koe pagawe desa bae. Engke dina teu bisana, tangtoe bakal kanjahoan sabab-sababna pang teu bisa ngadjalankeun eta pagawean. Tah di dinja bisa ditimbang timbang naha leuwih hade entong sina didjalankeun atawa disinggetkeun, nepi ka bisa digarap koe pagawe-pagawe desa. Sabot noenggoe-noenggoe koemaha ngatoerna ordonnantie desa atawa dorpsgemeente, noe bakal di atoer noe leuwih sampoerna koe regentschap, leuwih hade koe regentschap-regentschap teh oelah waka ditetepkeun atoeran-atoeran anjar, sabab koe djalan kitoe tangtoe bakal ngamonjah-monjah tanaga waktoe bae.

Katetepan-katetepan noe ajeuna tina hal administratie desa bisa didjalankeun teroes, tapi koedoe diatoer dina ngadjalankeunana, nepi ka pagawe desa bisa ngadjalankeun kawadjibanana. Djeung koedoe ditjegah pisan djoeroetoelis tjamat atawa Wedana oelah rek dimomotan deui gawe tina hal ieu, nepi ka kalolobaanana koedoe digarap koe maranehna bae."

NGALANGGAR ART. 19 DRUKPERSREGLEMENT

*Hoofdredacteur „Java Bode" di hareupeun landrechter.*

Noeroetkeun bedja „D.K." dina powe mangkoekna toean H.C. Zentgraaff geus didjagragkeun ka hareupeun pangadilan landgerecht di Parapatan, lantaran didakwa koe journalist D.F. van Wijck pasal teu daek ngamoeat karangan bantaranana kana artikel noe dimoeat dina „Java Bode" sarta kaanggapna koe eta journalist eta karangan teh ngahina ka manehna.

Ti kalangan pers mah, mokaha loba oge anoe njaraksian kana eta paparikksaan teh.

Toean Zentgraaff geus ngakoe kana hal teu daek ngamoeatkeunana soerat kiriman mah, ngan tjenah teu roemasa geus ngalanggar art. 19 tina Drukpersreglement mah.

Sateroesna koe toean Z. teh diterangkeun ka Justitie koemaha salang-soeroepna hal dakwaan toean Van Wijck.

Eta dakwaan, tjeuk toean Z. didjalankeunana geus sapowe ti memehna soerat kiriman tea katampa koe manehna. Koe sabab kitoe, atoeh sanadjan eta soerat bantahan dimoeat oge dina „Java Bode", hartina toean Van Wijck teh boga maksoed ngadakwa doewa kali. Sedeng kapan ari maksoedna art. 19 Drukpersreglement mah lain kitoe, tjeuk anggapan anoe didakwa.

Toean Van Wijck teu roemasaeun geus kelak ka Justitie dina waktoe noe kaseboet tadi.

Sanggeusna didjalankeun pertanjaan itoe-ieu ka toean Van Wijck, fiscaal menta soepaja terdakwa dihoekoem dengda f 75.—

Ti dinja paparikksaan dipoendoerkeun, sarta poetoesanana baris ditetepkeun engke dina powe Kemis noe bakal datang.

### Ti Madjalengka

KOERANG DAHAREUN.

Meunang bedja jen di kampoeng Deekoehdoar djeung Babakan-tepes (Kadipaten) keneh dina waktoe ieu keur meudjeuhna hebat koe tigerat, nepi ka aja koerang leuwih 21 djalma noe geus kanjahoan dirangsom koe desa, dibere lengkoesan sangoe reudjeung pare lantaran geus teu manggih dahareun.

Nja sakitoe oge loemajan, pikeun nambaan lapar mah.

DITEUNGGEULAN SABAB DIDAKWA REREBOET.

Kieu ari asal-asalna mah:

Mangkoekna kira poekoel 2 beurang di djalan antara Kotawetan djeung desa Tjitjoeroeg biasa aja noe dagang, sadjabana ti dagangan bandrek djeung roedjak teh, oge sok aja noe dagang longsong djeung ontjom goreng.

Harita aja hidji nonoman noe datang ka dinja, njeboetkeun rek meuli.

Koe sabab eta dagangan longsong tea ditoenggoeanana koe boedak, atoeh kerewek bae longsong djeung ontjom goreng teh tina njiroena ditjokot, sarta teroes dibawa loempat, mapaj sawah, nja teroesna soep ka pasantren Girilawoengan.

Eta kadaharan anoe dibawa loempat koe nonoman tea, hargana mah teu pira, ngan dalapan seneun. Tapi koe sabab boedak tea, gantjang bae bebedja ka kolotna, sarta koe kolotna teroes dipapaj katerangananana ka pasantren noe kaseboet di loehoer tea.

Di eta pasantren teh kabeneran aja boedak ngaran Rasmad, sapedah tjalanana komprang, sakoemaha anoe diseboetkeun koe boedak na tea, teu tata pasini deui teroes ditareunggeulan bae nepi ka dilaporkeunana ka desa.

Bener henteuna eta boedak noe njokot longsong tea, tjan bisa netepkeun.

MERE NGINDJEUM DOEIT DIPOELANG TEUNGGEUL.

Dina powe Senen noe anjar ka liwat di pakarangan bale desa Kotawetan, ngaran Maskad toekang kahar geus diteunggeulan beungeutna djeung sirahna koe ngaran Abdoelsomah.

Ari lantarananana mah kieu:

Maskad teh mentas ngadjoeal kahar djeung kodeana ka salah sahidji oepas di Soekahadji kana harga f 70.—

Koe sabab Abdoelsomad njahoeun jen Maskad narima doeit ladang kahar tea, nja maksa ngindjeun doeit gedena f 30.—, tapi eta pamentana tea teu ditjoemponan sakoemaha kahajangna, ngan dibere f 10.—

Barang Maskad datang ka imahna, pamadjikanana ngambek, lantaran eta doeit ladang kahar tea tatjan dipasrahkeun bae ka manehanana, kalah hajoh diindjeumkeun ka noe sedjen.

Koe sabab Maskad ditjarekan tea koe pamadjikanana, gantjang bae balik deui ka Abdoelsomad, kabeneran manehna masih keneh aja di bale desa noe kaseboet di loehoer.

Maskad keukeuh menta eta doeit noe f 10.— tea dipoelangkeun deui, basana rek ditembongkeun heula ka pamadjikanana.

Tapi koe noe ngindjeum doeit teh lain dipoelangkeun doeitna, kalah hantem Maskad ditondjokan beungeutna djeung sirahna nepi ka bidjilan getih.

Harita oge djadi oeroesan politie.

## Leleson dinten Minggoe

**DJALMA BOJONGAN!**

*Koe: S. ANDASASMITA*

Motto: *„Amantes amentes" = Verliefden zijn dwazen."*

*OEDAN LIRIS.*

*1. Engkang mah sakadar ngiring, oekoer serek djadi rentjang, landong seweng djoeroe gedeng, roemaos djalma kabandang, bojongan katjintaan, hiroep moeng ngadoeckeun lamoen, ngantosan soegan djeung soegan.*

*2. Soegan kapetjretan asih, sanadjan saketjlak pisan, djang kias pamepes hate, tjeutjeuh njongkabna kabrangtan, madak rasa kagendam, djadi ledjar koe sakitoe, masih mental koe ditoembal.*

*3. Tajoh menggah noe kaseuit, ka soeat-soeat doeriat, keuna koe leugeut pamelet, lir moendak bobot noe beurat, ditjangtjang dadoeng liat, kekedjet teu weleh koesoet, moelat-meulit dina oerat.*

*4. Soempeg moen majoenan wengi, koe sok tara mondok pisan, gawe teh moeng njileuk bae, oenggal djam kakoeping nengna, blang doegi ka braj siang, soeboeh-soeboeh sering toeroen, ka tjai njeutjeuhan sirah.*

*5. Noe djadi bibit berewit, djang karna sangsara rasa, moendel tapi siga tjopel, hajang noe taja hargana, moeng teu aja dagangan, nja eta asihing kalboe, migeugeut sami abotna.*

*6. Malah dina wengi tadi, kinten-kinten taboeh doea, kakoeping sada noe ngomong, kawas noe haharewosan engkang ngoredjat tjengkat, soegan teh panoetan rawoeh, sihoreng napas sorangan.*

*7. Koema karah milik diri, taja pisan kasenangan, awet ngoeloewoet nja hate, namoeng doegi ka kieu mah, nembe pisan ajeuna, doenja kotjop asa lingkoep, ka reueung tjampoer hariwang.*

*8. Ti kawit engkang loemahir, saoemoer asih ka djalma, jaktos sanes omong kosong, moeng ajeuna karaosna, reh doeriat teh parna, matak gioeng-lingloeng-landjoeng, robah rasa noe biasa.*

*9. Sering ngomong djero pikir, oejoehan noe dipitjinta, teu soemeblak soemeredet, djongdjon bangoen noe kadjeunan, kawas taja rasrasan, teu emoet ka noe mitoehoe, goeling-gasahan sorangan.*

*10. Harianeun ari takdir, bet njaho di permatina, nandasa koe tjoetjoek konde, dibilet ramat doeriat, rara noe tara pegat, perang poepoeh woengkoel ripoeh, temahna sereh bongkokan.*

*11. Namoeng nadjan leres jakin, engkang lir boedak beulian, raga njawa ge noe Enden, bet keukeuh gadoeh paneda, lamoen geus teu kamanah, laas birahining kalboe, oelah disangsara heula.*

*12. Tong nganggo dilami-lami, sina baloeas kagagas, sae ge lalambe bae, tinimbang dikakaja mah, dianggo tjotjooan, di taboer koe saoer mawoer, pangalap noe matak bahja.*

*13. Kitoe 'ge oekoer manawi, henteu djadi rengat manah, roemaos engkang tjoemenos, asa tjampelak ngaloendjak, make gadoeh ka hajang, pilakadar hiroep noeroet, keur ngoejang kabirahian.*

*14. Padahal nadjan dipitjis, ditjatjag diwalang-walang, da poegoeh djalma kabojong, teu kedah aja pamenta, ngantos koema' timbalan, toendoek koemoereb soemoedjoed, njembah ka pangkon doenoengan.*

*15. Di doenja mah taja deui, noe binasa kawas engkang, hiroep bet djadi parepeh, djadi korban katjintaan, dibakoetet doeriat, toeng toengna ngahoeroen baloeng, goemelar teu kabeneran.*

*Bd. 26 Feb. 1935.*

# G. G. anjar.

Sanadjan G.G. anoe ajeuna, la moen noeroetkeun kabiasaan, masih keneh aja sataoenna njakrawati di tanah oerang, Indonesia, tapi koe lantaran kapentinganana keur nagara, teu boeroeng geus dipitembejan njawang, anoe koemaha, anoe perjoga koedoe mang koe karadjaan.

Demi handjana, kentana nagara tea, salawasna goemantoeng ka anoe njekel kakawasaan. Tjara di dusa-desa bae geuning: desa moal aman moal tengtrem, djelema moal soegema, lamoen anoe djadi kapalana teu adil, teu nimbang ka rahajat, soemawonna lamoen matjikeuh.

Nagara atawa karadjaan oge moal bina djeung desa.

Ari koe kitoe tea mah, sadaja „ahli" ieu soerat kabar pada ngarasa koe andjeun, koemaha kahar diaanana dina saoesoem-saoesoemna noe djadi G.G. Koe rahajat beunang ditjirikeun watekna djeung hasilna oenggal-oenggal anoe mangkoe nagara.

Anoe ajeuna geus mimiti njawang pi-ge-geeun, nja eta djago Paderlanseu, toean Fruin.

Ieu toean, keur periode Volksraad noe ajeuna, geus teu kersa dikandidatkeun, teu kersa dipilih, lantaran rek moelang ka nagarana.

Ti ajeuna geus mitembejan njieun pasamoan sapoe njere pegat simpaj.

Anoe kagiliran pangheulana meunang bagian, tjabang Paderlan di Soebang. Lain bae anggaho tana anoe noengkoelan „pasamoan — patoeraj" teh, tapi oge loba anoe loeareun pakoempoelan.

Harita kokodjo Paderlan teh, kadjaba ti mileuleujankeun, geus ngalamoen kana pi-gege-eun. Ngaharep, soepaja noe pingagantieun G.G. noe ajeuna teh, hidji Nederlander ti Nederland, atawa ti kolonia. Tapi sadjeroning kitoe teh mantenna (toean Fruin) rek njanggakeun protest sataker tanaga, lamoen ngangkat noe aja dina salah sahidji parte, parte naon bae, boh noe ngentja, boh noe ngatoehoe atawa di tengah - tengah.

Sanadjan ieu toean aja dina „parte-toean" sarta anoe sakitoe ngatoehoena, katoeroeg - toeroes parte anoe saroepa kieu teh pang loba-lobana ngabogaan balad, teu boeroeng bae boga karisi, sieun anoe marentah tea ngaloeloegoekeun partena.

Memang ieu kasieun teh henteu denkbeeldig atawa semet tjita-tjita woengkoel, tapi tangtoe kitoe pikadjadianeunana, nganomerhidjikeun, atawa dimana aja kasempetan, tangtoe ngamadjoekeun djeung ngalampahkeun tjita-tjitana heula, ti dinja kakara noe sedjenna. Atawa deui, anoe leuwih tetela pisan, nja eta ngoeroesna nagara noeroetkeun patokan partena.

Geura, eta bae, lamoen anoe marentah tea model djoeragan Soetandjo, anoe sakitoe mentingkeunana tina oeroes-oeroesan kabesturan, geus tangtoe bestuur bae anoe poegoeh ngagoeloejoerna teh.

Atawa djoeragan Thamrin noe sakitoe aoesna kana autonoom anoe sampoerna, geus moal boa deui, sagala roepa atoeran ditoedjoelkeun kadinja, kilangbara ani kana ngalagena pisan mah, pi manaeun.

Oepama koe oerang diinget-inget sagala roepa noe ilahar bisa kadjadianana, memang lain anoe djol tina salasahidji parte bae anoe koedoe dipikarempan teh, tapi sanadjan anoe teu tjitjing dina parte oge, teu koerang-koerang matak pikapaoereunana.

Tjara kieu oepamana; enja teu asoep kana parte ieu, parte itoe, tapi beunghar djeung ahli oesaha.

Pibalahieunana noe saroepa kieu, henteu koerang batan noe asoep kana parte tea, sabab katjida teu moestahilna, lamoen kaka wasaanana tea henteu dibebener saoedjratna pisan, tapi diatoer soepaja anoe njebit-njabit, atawa nga lantarankeun kana kamadjoean pa oesahaanana.

Djalanna mah, koe djalan koemaha bae, ngan tangtoe kalawan kalemesanana.

Ngangkat anoe ngabogaan roepa-roepa aandeelen di tanah bawahanana, oge teu matak soetjeng ngamoedina kapal nagara, lantaran sarerea oge pangasilan anoe diteangan.

Ari pangasilan tea sok tara beunang diwatesan. Anoe teu boga hajang djadi boga: anoe geus boga hajang djadi gede: anoe geus gede hajang beuki tambah gede, henteu aja toengtoengna.

Ajeuna, oepama ngangkat anoe keur neangan fortuin, anoe hajang pinanggih reudjeung katjoekoepan, kaimpoengan banda, oge moal matak djadi kalempengan kana ngadjalankeun kawadjibanana, sabab dimana aja kasempetan neusan ngalaksanakeun kana toedjoeanana, sok wajahna rada mengkol tina djalan anoe geus lempeng tea: sok aja babasan nga lelempeng anoe bengkok.

Koe roepa-roepa kasieun reudjeung tjawangan anoe bieu, soesahna ngarep-ngarep anoe njakrawati teh, beuki pohara soesahna. Anoe beunghar......... koe beunghana: anoe asoep kana partena ........... koe partena: anoe ahli oesaha......... koe oesahana: reudjeung noe neangan fortuin...... ...... koe fortuinna. Djadi soesah pidjelemaeunana.

Tapi, sanadjan sakitoe roempilna oge, ari kolom anoe koedoe pihadeeun mah tangtoe aja, sarta koedoe manggihna, kalawan make doea patokan kadjaba ti noe geus aja rengkolna dina wet nagara. Nja eta nomer hidji pinter elmoe kanagaraanana, nomer kadoeana gede atawa loehoeng kamanoesaanana.

Nederlander — da moal bisa ari Indonesier mah — anoe kieu, sanadjan beunghar, sanadjan ahli oesaha, sanadjan toekang neangan banda, atawa asoep kana salah sahidji parte, moal kagoda koe roepa-roepa gogoda, dimana kamanoesaanana geus vol pisan. Geuning premier Inggris bae, toean Mac Donald, sanadjan mantenna kokolot tina hidji parte, ari tjarek koedoe aja dina lempeng, geus teu tolih kana partena, njekel lempeng, noeroetkeun samistina bae.

## Ti Djakarta

### TREIN ANOE DILEUNGITKEUN.

*Perdjalanan ti Tanah Abang ka Doeri.*

S.S ngawawarkeun jen kareta api anoe biasa indit ti Tanah Abang poekoel 6.08isoek, sarta datangna ka Doeri poekoel 6.14, ti mimiti powe ieu tanggal 1 Maart henteu didjalankeun deui.

### INVOER TI EUROPA KA AMERIKA.

Invoer ti Europa ka Amerika dina taoen-taoen ka beh dieunakeun pohara kadeseknа koe invoer ti Japan.

Tapi noeroetkeun bedja dina J.B. moal sabaraha lilana deui ka Tandjoeng Priok bakal asoep moeatan barang noe beuratna 7000 ton leuwih. Ieu teh katoekang-toekang mah atjan pernah kadjadian.

### BEGROOTING NAGARA KEUR TAOEN 1936

Noeroetkeun bedja gouvernementssecretaris kahidji kalawan asmana toean Besar, geus dikirimkeun ka pamingpin-pamingpin departemen werkplan keur ngarantjang begrooting 1936.

Dina tanggal 23 Maart noe bakal datang kabeh voorstelan-voorstelan begrooting teh koedoe geus katarima koe Algemeene Secretarie.

Begrootingsvegadering anoe mimiti rek diajakeun koe toean Besar djeung rengrengan Raad van Indië djeung begrootingscommissie, nja kitoe deui begrootingsvergadering bagian kadoea djeung panoetoepan pikeun saheulaanan rek didjalankeun dina pertengahan boelan Mei.

Dina tanggal 15 Juli n.b.d. kakara ieu rantjangan berooting teh diasongkeun ka Volksraad.

### DATANGNA „EMPRESS OF BRITTAIN"

Sakoemaha katoekang-toekang geus dibedjakeun dina ieu soerat kabar, jen dina tanggal 10 Maart n.b.d. teh bakal datang ka Tandjoengprioek kapal „Empress of Brittain", bogana Canadian Pacific Steamship Company.

Eta kapal teh ditoenggoe datangna dina tanggal 10 Maart, powe Minggoe poekoel 12 beurang sarta dina powe Salasana (12 Maart) poekoel 5 sore bakal indit deui ka Semarang.

Noe djadi „Cruise director" nja eta Mr. F.L. Mc. Closkey anoe dibantoe koe hidji staf reana 10 assistenten, hidji „lecturer" (Mr. Martin de Mith), hidji director of entertainment", hidji wakil pers djeung doea padri.

Pikeun sakali ieu mah eta kapal teu meunang dilaladjoanan koe poeblik.

Antara panoempang - panoempang tea, aja H. K. H. prinses Joachim Albrecht van Pruisen ti Munchen.

### BAHAJA SEUNEU.

Malem Senen noe anjar kaliwat, maleman diajakeun gotong Tapekong anoe panoetoep kira poekoel 11, geus kadjadian kahoeroean.

Hidji imah bogana saia-sahidji pangeusi kampoeng Kebon Kalapa geus moesna djadi leboe.

Hadena bae kaboeroe katoeloeangan, nepi ka bisa katjegah geusan ngarembet ka imah sedjen.

Ti mana djeung koemaha asalna pang kadjadian eta kahoeroean, masih tjan aja katerangan.

## Ti Bogor

### AHMADIJAH BOGOR.

Engke powe Ahad tanggal 3 Maart, Ahmadiah tjabang Bogor rek ngajakeun openbare lezing, mimiti poekoel 9 isoek-isoek, tempatna di Harso Darso Kebondjae 20.

Noe rek ditjaritakeun: Kehidoepan Hazrat Mirza Ghoelam Ahmad, koe toean Rahmat Ali.

### AWAS TIPOE!

Kamari powe Rebo, djoeragan Handjasoetisna, goeroe H.I.S. geus kadatangan hidji djelema anoe ngakoe-ngakoe djongos sakola, sarta menta dibahanan 1 samping kebat, 1 openjas djeung hidji dasi, sabab pangakoeanana, djoeragan Handja saboebarna sakola rek teroes njaba bareng djeung moerid-moerid.

Sanadjan istrina koerang pertjaja oge, koe lantaran pasemon eta djelema teh siga noe enja, teu siga rek nipoe, nja dibahanan bae. Tapi saenjana mah eta djelema teh rek nipoe bae.

Koe sabab eta, gantjang bae di rapportkeun ka politie.

## Ti Soemedang

### WADANA DISTRICT TANDJOENGSARI.

Kawadanan Tandjoengsari masih keneh kosong, lantaran noe djadi Wadanana dialihkeun ka Tjiawi tea.

Satadina anoe baris ngaganti teh djoeragan Wadana Tjibalioeng, tapi ajeuna henteu toeloes.

Tjek gerentesna oerang lemboer mah, kawasna djoeragan Wadana kota Soemedang noe baris ngalih ka Tandjoengsari teh, doemeh bareto aja tjarita madjarkeun di Soemedang mah moal di ajaan Wadana kota, tjoekoep koe Patih bae, ngarangkep djadi Wadana.

Waktoe najeban mileuleujankeun djoeragan Wadana noe ngalih, di kawadanan geus kadjadian hidji incident anoe loear biasa.

Tjek noe njarita mah aja salah sahidji menak dikeplek pipina koe menak deui, tapi ti sedjen golongan.

Bakoe di Tandjoengsari mah saban aja reuweuh-reuweuh sok tara soewoeng tjektjek-botjek!

### ANGIN TOPAN.

Pabrikna djoeragan A. Soemarta di Tandjoengsari geus didatangan koe angin poejoeh noe ngadatangkeun karoegian noe lain loemajan.

Kentengna mani beak sababaraha welas reboe. Tampir paranti mowe atji mani rabeng di awang-awang kawas daoen waroe bae.

Sakitoe hoedjan gede teh henteu koerang anoe laladjo mah.

## Ti Tjitjalengka

### PILIHAN LOERAH.

Powe ieu Saptoe tanggal 2 Maart 1935, baris milih Loerah di desa Nagrog bawahan onderdistrict Tjitjalengka.

Tjek noe njarita mah loba anoe miharep kana solempang kaloerahan teh. Nepi ka ajeuna geus aja 9 oerang anoe rek miloe djadi djago.

Saha anoe bakal kapilih, engke pandeuri oerang tjaritakeun.

### PANEN TAOEN IEU.

Beubeunangan pasawahan di wewengkon district Tjitjalengka hade oge.

Hama henteu sakoemaha. Tjek noe njarita ti desa Tjikoeja—Tandjoenglaja lobana pare anoe didjoeal ka panggilingan di Tjiran djang aja reboena pikoel.

Harga pare ti ƒ 2.— nepi ka saringgit dina sapikoel, harga beas dina sabatok 4 sen nepi ka 5 sen.

### DAMAR DI DJALAN GEDE

Asa di kota ajeuna mah ari leumpang ti peuting teh, sabab di djalan bawahan Tjitjalengka dia jaan lampoe listrict, nadjan anggang oge.

Ngan handjakal babari roeksak. Saperti noe aja di pepengkolan ka station geus aja doea peutingna henteu hoeroeng, lampoena tjenah mah roeksak.

### KOMPA TJAI MAKE MOTOR

Pohara madjoena pasar Tjitjalengka teh, ajeuna mah ngala tjai keur minoehan bak paranti ngabersihan pasar teh koe kompa anoe didjalankeunana koe listrik.

## Bandoeng

**(Kotadjeung wewengkonna).**

### DANSVEREENIGING „PANTI HARDJO"

Dansvereeniging anoe kaseboet di loehoer, engke dina malem minggoe tanggal 9 ka 10 Maart 1935 baris nembongkeun kabinangkitanana di gedong K.S.B. (Kidoeleun Pieterspark) ngamimitian poekoel 7.30 sore, ngalalakonkeun „Gatotkotjo maling" (Gatoetkotjo kawin).

Djoemlahna aja 10 bagian. Tapi noeroetkeun programma mah tjenah eta bagian teh, lamoen katimbang perloe bisa dirobah.

Saha bae oge meunang datang.

### PALING PENNING (PLOMBE).

Nja eta atoeh, sagala oge ajeuna mah teu kaop bongoh, sabab sok dibringohan batoer noe leukeun njokot noe lain hakna kalawan tara bebedja. Eta bae geura penning kareta mesin anoe teu pira harganа teu boeroeng dilaleukeunan diparaling.

Saperti kadjadian kamari di Kebonwaroe M. geus ngadon di polka di salasahidji toekang tjoekoer noe aja di dinja, ari kareta mesinna disarandekeun di hareupeun tempat pamolkaan. Naha atoeh ari geus rengse rek balik, lain bae sabagian boeoekna noe amit-amitan teh, tapi penning kareta-mesinna ngiringan oge bet miloe ka tjoekoer (aja noe maling). Hari ta keneh M. teroes rapport ka politie tina hal kaelang-elangan koe penning teh.

Poeblik mangka awas koedoe tjaringtjing pageuh kantjing.

### POSTWISSELKOERS.

Mimiti powe ieu pisan, postwisselkoers ka nagara loear teh ditetepkeun kieu:

Ka Egypte, Groot Brittannie en Ierland djeung Afrika-Kidoel 1 pond saroea djeung ƒ 5.75.

Ka Pilipina djeung Amerika-Sarikat 1 dollar saroea djeung ƒ 1.50.

Ka Ceylon 1 rupee saroea reudjeung ƒ 0.55.

Ka Maleische Staten djeung Straits Settlements 1 dollar saroea djeung ƒ 0.85.

Ka Japan 1 Yen saroea djeung ƒ 0.43.

### MOBIL Kg. DALEM DIADOE DJEUNG RODA.

Kamari, kira poekoel 12 beurang mobil Kg. Dalem Bandoeng di hareupeun masigit Bandoeng pisan geus diadoe djeung hidji roda soeroeng, nepi ka kapaksa mobil kagoengan mantenna aja karoeksakan.

Kasalahan tjek bedja aja di anoe njoeroeng roda. Harita teh bisa djadi Kg. Dalem moelih ngaronda.

Teroes henteuna djadi oeroesan politie atjan manggih deui ka terangan.

### MUTATIE DEPT. V. en W.

Diangkat pikeun saheulaanan kana Hoofdcommies ter Controle di S.S. Djoeragan Soekedi Soemitranihardja, tadina commies di dienst eta keneh.

Koe lantaran aja kaperloean anoe rada lila, kaidinan verlof 6 boelan sarta loear tanggoengan nagara, Djoeragan Goelapi Kartodimedjo, monteur di P.T.T. dienst ditoeng ti mimiti boelan Februari 1935.

Benoemd kana tijd. wd. Hoofd opzichter (houtbewerking) di S. S. toean H.W.E. Meyer, tadina opzichter 1e klas di dinja keneh.

Diangkat kana wd. hoofdcommies di kantoordienst P.T.T. M. Soenario, commies 1e klas di dinja keneh.

Dibantoekeun ka Resident der Zuider en Oosterafdeeling van Borneo, pikeun ngoeroeskeun karet di eta wewengkon, babakoena tina oeroesan buitengewoon uitvoerrecht pikeun karet rahajat, Ir Ch.H.F. Monteiro, ingenieur di 's Lands Waterstaat, ajeuna dibantoekeun ka Resident der Lampongsche Districten.

Noeroetkeun bedja, T.R.C. Bandoeng toean Roos, dina tanggal 6 boelan ieu Maart baris dipindahkeun ka Solok, bawahan Padang (Westkust van Sumatra).

(Moen teu salah ieu T.R.C. dina ieu soerat kabar koengsi aja lalakonna! Red.).

Saha pigantieunana, atjan aja deui bedja.

### COOPERATIE ROEKOEN IHTIAR MEUNANG RECHTSPERSOON.

Ka ieu Cooperatie teh memang pikeun di Bandoeng mah geus moal aja anoe bireuk deui, sabab sanadjan leutik, tapi kamadjoeanana beuki lila beuki tambah bae sarta katembong kaberesanana.

Ajeuna ieu pagoejoeban njeng tjelengan djeung cooperatie teh geus meunang rechtspersoon ti pamarentah (diakoe sah) noeroetkeun besluit titi-mangsa 6 Februari 1935 No. 281.

### DIDIKAN PIKEUN AMBTENAAR B.B.

*Bakal diajakeun deui.*

Noeroetkeun bedja J.B. tjenah didikan pikeun ambtenaar B.B. anoe tadina geus dileungitkeun, ajeuna aja rantjangan baris dia jakeun deui.

Maksoedna tjenah ieu teh pikeun ngadidik deui ambtenaar Walanda anoe diwatesanan.

Ngan bae — tjenah —pikeun ieu oeroesan teh moal diajakeun studibeurs, ngan keur aja dina timbangan woengkoel pikeun ngaganti karoegian-karoegianana bae oepamana bae koe ngeuweuhkeun oeang college atawa anoe sedjen-sedjenna.

Djoemlahna candidaat anoe bakal ditarima pikeun ieu didikan B.B. teh atjan aja katerangan anoe tangtoe.

### PANJAKIT HEWAN DI BANDOENG

Noeroetkeun bedja Aid. di Tjibeunjing geus aja paparik [redacted] an anoe kaseboet di loehoer, noeroetkeun parentahanana veeartsenijkundig dienst, ka sakoer anoe aja kapentinganana diingetan soepaja eta sapi-sapi teh henteu meunang diangon atawa dibere djoekoet ti eta tempat keneh.

### NGALERESKEUN

Dina Sipatahoenan tanggal 26 Febr. 1935 lambaran kadua, nja eta dina hoofdartikel anoe didjoedoelan „Robahan hak koempoelan djeung pakoempoelan".

Di dinja aja kakaliroean anoe ditoelis kieu:

„Ieu katerangan ajana dina Stenografisch Verslag Volksraad tanggal 19 Februari 1935...... alinea ka 1, ka 4 sareng ka 7.

Di dinja langkoeng tetela oepami disebat kieu: 19 Februari bladzijde 2798.

Di handapeun eta keneh aja kakaliroean anoe diseboet (Tingalian Stenografisch verslag Volksraad ping 20 Februari 1935 katja 286......... leresna kedah katja 2846.

Koe djalan kieu eta kakaliroean teh dilereskeun.

### BEDJA TI POLITIE.

T.K.S. handelaar noe imahna di Groote Postweg West No. 192 geus bebedja ka politie jen imahna koe djalan di bongkar, geus kapalingan tina lomarina roepa-roepa barang perhiasan noe pihargaeunana ƒ 50.—

W. noe mihna di Stalweg geus kapalingan hidji kareta mesin anoe tjetna hideung sarta make merk „Extra Fiag Fachrad".

Politieagent No. 185 geus manggih kareta mesin merk „Mayan' make fabrieksnummer 20256 di aloen-aloen West noe harita keneh dipasrahkeun ka Hoofdbureau politie.

L.J.van D. boedak sakola noe imahna di Bilderdijkstraat No. 14 kareta mesinna geus aja noe maling.

D. oerang „Kawahpoetih" Tjiwidej, oge kapalingan kareta mesin noe waktoe harita koe manehna ditinggalkeun di Frederiklaan No. 3 kalawan euweuh noe noenggoean.

## Koran batoer

**Taja noe sahidjieun**

Karoedkang dina ieu soerat kabar koengsi djadi tjatoer oge, nja eta aja anoe ngasongkeun voorstel ka pamarentah soepaja sakola-sakola loehoer anoe aja di Indonesia (M.G.S. - T.H.S. djeung R.H.S.) dileungitkeun, sabab - tjenah — ieu sakola teh gede teuing balandjana (ongkosna).

„*Het Nieuws*" (oerang Kali Besar) anjar-anjar ieu geus ngegoegat deui bae kana eta perkara teh, tjindekna moepakat kana eta atoeran, sabab — enja — tjenah ngajakeun sakola loehoer di dieu teh gede teuing ongkosna.

Lamoen aja Inlander anoe hajang neroeskeun pangadjaranana ka sakola loehoer, leuwih hade kirimkeun bae ka Nederland kalawan diongkosan koe pamarenta ............

Kitoe pamanggihna toean Mulder tina perkara „Hoogeschool Misere" teh.

Tjek oerang, ieu paham tengan woengkoel theorie ngeboel komo-komo geus dileungitkeun beuki soengkan make koedo ngongkosan sagala, kapan ajeuna oge geus sakieu boektina kaajaan sakola teh dimegal-rigelna.

Naaa, ana tjelengkoeng teh, orang Wetan sisi Kidoel, da eta soerat kabarna oge dingaranan „Oost-Java", dikaloearkeunana di Oosthoek, ngantet djeung ajana kahajang „*Het Nieuws*" kitoe teh parantos diaboeng toemalapoen sabda toemapalang anoe kieu polna teh:

*Na hetgeen wij in den loop der jaren (voor de totstandbrenging en bevordering van het H.O. hier te lande) hebben geschreven, behoeft nauwelijks te worden gezegd, dat we 't met onzen geachten collega, wat betreft het uitzenden naar een studeeren in Nederland van een gecontingenteerd aantal studenten op Indische Staatskosten, niet eens kunnen zijn en, waar hij speciaal het oog heeft op Inheemschen zouden wij —* [redacted] *over.*

Maksoedna anoe ringkes, pamanggihna oerang Wetan sisi Kidoel teh, teu moepakat kana kahajangna toean Mulder, sabab tjenah, lamoen Inlander disakolakeun ka Nederland, sok djaradi communist, pamimpin revolutionnair djeung sadjabana.

Beu! naaa asana teh, tjing ari tjalangap teh sing djeung djeudjeuhan, oelah dapon heuaj, geuning Ir. Soekarno oge djadi pamimpin nationalist teh lain koe lantaran sakola ka Nederland, tapi kasoeroeng koe kaajaan.

Toengtoengna asa ngadenge sawalana Madro'i djeung Iskani, saroea pada teu reugeudjeug.

Njieun komentar kitoe-kieu teu perloe, sabab noe kitoe mah loear tanggoengan Alhajib, keun bae sina ngararatjo.!

E.M.

### DIPILARI

Ziekeninrichting BOEDI KEMOELIAAN, anoe ti mimiti tang*gal 1 April 1935* baris dipindahkeun ti Hospitaalweg 8 ka Scottweg, milari sababaraha mantri verpleegsters anoe geus mareunang diploma. Engkena baris dididik djadi Vroedvrouw, sarta meunang imah, dahar djeung oeang djadjan.

Soerat-soerat lamaran, kirimkeun ka Directrice eta roemah sakit.

No. 74.

### LANDGERECHT BANDOENG.

Noe dipariksa dina powe kamari tanggal 1 Maart 1935 aja 36 perkara, sarta anoe dipoetoes mahngan aja 32 perkara, sasesana dipoendoerkeun ka sedjen waktoe.

Sakoemaha biasa hoekoem boete anoe ditibankeun dengda ti 50 sen nepi ka ƒ 3.50. Nja kitoe deui hoekoem boei ti saminggoe nepi ka 3 minggoe.

Dosana nja kitoe keneh bae, roepa-roepa palanggaran djeung maling leuleutikan.

Noe bebas lantaran koerang tjoekoep kateranganana aja saoerang.

# Apotheek DE VIJZEL

A. B. C. - Straat 3. — Telefoon Nos. 840 en 848.

## Oesoem hoedjan-Oesoem salesma.

Kanggo SALESMA tiasa ngangge:

INHALIT.

Sawatara tetes kana sapoetangan teras seuseup sing leleb.

per 1/1 flacon 95 cent.
per 1/2 „ 65 cent.

VAPOUR SALVE

Kanggo oelaskeuneun, oge tiasa didamel landong seuseupeun.

per potje 75 cent

MENTHOBALM.

Saeutik kana liang pangamboeng, sareng taar tengah-tengah sotja, tangtos enggal senang.

per potje 55 cent

Kanggo kasawat geng-gerong:

ANTISEPTIC THROAT PASTILLES (AYRTON)

satjepoek ali: 75 cent.

FORMALIN & MINT TABLETS.

per flacon 50 siki 85 cent.

LODISED THROAT TABLETS.

per flacon 50 siki 75 cent.

LIQUORICE AND MENTHOL PELLETS

satjepoek ali 85 cent.

Kanggo GOHGOJ.

BALSAMIC EMULSION

Noe sok ngaranngo Balsamic Emulsion ... njararios ... mandjoer. Sa... para sepoeh-se... moerangkalih.


### Boekaan lotre bodas.

Prijs anoe f 100

*(Samboengan Sip. kamari)*

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 38885 | 24886 | 29416 | 29130 | 26588 |
| 35583 | 17652 | 25705 | 10737 | [illegible] |
| 17857 | 1860 | 24411 | 27896 | 25938 |
| 32493 | 24253 | 32941 | 15862 | 33412 |
| 34244 | 38382 | 17875 | 22928 | 10456 |
| 33147 | 31471 | 12326 | [illegible] | 10910 |
| 26975 | 35630 | 14975 | 13744 | [illegible] |
| 19868 | 13071 | 27701 | 17851 | 21033 |
| 31520 | 36778 | 17902 | 22911 | 17368 |
| 28862 | 25005 | 25128 | 27981 | 27282 |
| 13975 | 21349 | 38310 | 38263 | 36531 |
| 13929 | 31164 | 14365 | 15479 | 37322 |
| 24215 | 39961 | 26551 | 30188 | 18912 |
| 36600 | 22369 | 16089 | 27396 | 38851 |
| 16665 | 29349 | 19699 | 13002 | 21795 |
| 24577 | 28629 | 15838 | 18851 | 32338 |
| 14361 | 33701 | 11927 | 35797 | 39117 |
| 13919 | 37256 | 23154 | 17698 | 24533 |
| 20374 | 10542 | 32235 | 10981 | 12124 |
| 39460 | 35614 | 33912 | 27454 | [illegible] |
| 15715 | 29812 | 10554 | 11203 | 31123 |
| 20528 | 27919 | 18576 | 22564 | 13665 |
| 24161 | 20694 | 14696 | 21041 | 32535 |
| 31940 | 17446 | 32881 | 37700 | 16086 |
| 11990 | 14904 | 31038 | 26591 | 12049 |
| 33726 | 17053 | 37065 | 36552 | 14471 |
| [illegible] | 10878 | 26465 | 11625 | 37574 |
| 32477 | 22191 | 17507 | 15144 | [illegible] |
| 27733 | 34416 | 25031 | 30514 | [illegible] |
| 37453 | 25996 | 20661 | 29770 | 25447 |
| 25593 | 31080 | 31918 | 15618 | 24831 |

Sanggeus powe mangkoekna isoek - isoek didjalankeun boekaan lotre anoe bodas sakoemaha anoe geus dimoeat sabagian powe kamari djeung sabagian deui dimoeat dina Sip. powe ieu, powe harita keneh pasosorena kagiliran diboeka lotre beureum.

Sakoemaha biasa ieu boekaan teh didjalankeunana di Maison Versteeg Noordwijk, sarta noe ngadeugdeug ka dinja pohara lobana.

Geura ieu di handap oerang berendelkeun prijs-prijs noe meunang teh.

Prijs noe f 100.000.— No. 37207
Prijs noe f 10.000.— No. 29748
Prijs noe f 5.000.— No. 15177

Lima prijs noe f 1000.— Nos.
34577 24552 23482 13941 29564

10 prijs noe f 500.— Nos.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 29932 | 24771 | 18172 | 20683 | 13905 |
| 19736 | 12393 | 38808 | 17695 | 22619 |

250 prijs noe f 100.— Nos.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 24226 | 19958 | 22144 | 25841 | 30597 |
| 15502 | 21652 | 25635 | 25487 | 14015 |
| 37369 | 15169 | 34856 | 32826 | 13265 |
| 15907 | 19559 | 26503 | 15579 | 15331 |
| 35447 | 15498 | 39082 | 30763 | 28111 |
| 20958 | 34890 | 16145 | 34238 | 30868 |
| 17469 | 14669 | 27730 | 29058 | 10589 |
| 31352 | 16739 | 10575 | 14523 | 21541 |
| 10746 | 13605 | 27440 | 24206 | 10541 |
| [illegible] | 11147 | 12249 | 24591 | 22665 |
| [illegible] | 22894 | 35387 | 38790 | 12770 |
| 12943 | 21484 | 15333 | 22823 | 22090 |
| 35509 | 31911 | 33539 | 16845 | 31070 |
| 17857 | 22022 | 29903 | 16364 | 10454 |
| 10946 | 37962 | 28590 | 25206 | 33445 |
| 31952 | 30996 | 25639 | 22227 | 31145 |
| 24744 | 12723 | 20685 | 36509 | 11340 |
| 16815 | 11763 | 29166 | 26219 | 32423 |
| 38542 | 13810 | 17696 | 13374 | 20805 |
| 24346 | 34366 | 30383 | 31283 | 33907 |
| 17856 | 30482 | 19057 | 34101 | 14192 |
| 37514 | 38192 | 15290 | 23841 | 31381 |
| 25329 | 34503 | 38739 | 18387 | 17124 |
| 37562 | 29135 | 11936 | 27962 | 22735 |
| 26578 | 24237 | 16620 | 19691 | 22769 |
| 11154 | 14314 | 29233 | 12223 | 35443 |
| 32558 | 26917 | 33779 | 12459 | 11224 |
| 36707 | 18754 | 28768 | 39643 | 38903 |
| 14619 | 20635 | 23598 | 26439 | 13701 |
| 26912 | 30273 | 23175 | 11067 | 20819 |
| 31479 | 38815 | 27896 | 25416 | 10482 |
| 16361 | 36102 | 32064 | 14110 | 37157 |
| 10272 | 38674 | 15084 | 22026 | 21218 |
| 23336 | 21635 | 24062 | 16156 | 16199 |
| 37724 | 27556 | 29156 | 35135 | 24710 |
| 33449 | 34967 | 24609 | 17203 | 26295 |
| 20344 | 23143 | 12768 | 22229 | 36272 |
| 15733 | 23450 | 32336 | 11414 | 16719 |
| 25736 | 25076 | 16182 | 30433 | 33492 |
| 20250 | 33905 | 11160 | 14530 | 32125 |
| 22615 | 33432 | 33712 | 22972 | 12118 |
| 38544 | [illegible] | 28347 | 27853 | 36519 |
| 10765 | 29619 | 14205 | 17064 | 12153 |
| 33531 | 32398 | 21779 | 15340 | 30187 |
| 29672 | 10281 | 14416 | 32273 | 10162 |
| 31955 | 34584 | 28259 | 37609 | 33812 |
| 15391 | 27987 | 39842 | 30927 | 17360 |
| 15367 | 22317 | 13402 | 26567 | 27659 |
| 24926 | 20227 | 14763 | 16870 | 37394 |
| 32380 | 33769 | 16991 | 30457 | 12609 |

# Telegram

## NIPPON

### Tiongkok djeung Japan

**Politiek karaketan antara ieu doea nagara**

Tokio, 28 Febr. (Aneta-Iwaki) Chen Po Pan, president ti International Investmen Corporation di kota Shanghai, ajeuna geus datang ka Tokio, pikeun ngajakeun babadamian djeung panoengtoen-panoengtoen Japan tina pasal digawe babarengan dina hal economie, antara Tiongkok djeung Japan.

Koe kira-kira mah Chen Po Pan teh bakal datang manggihan minister Hirota.

### Anggapan soerat-soerat kabar

**Kana toedjoean karaketan antara Tiongkok djeung Japan**

Tokio, 28 Febr. (Aneta-Iwaki) Soerat kabar „Asahi" nganggapna kana pamandangan minister Hirota tina pasal karaketan antara Tiongkok djeung Japan teh, tjenah anoe waktoe tadi koengsi djadi rotjet koe ajana Mantsjoekwo, ajeuna mah bener deui sakoemaha mistina.

Ieu soerat kabar teu loejoe pamanggihna djeung anggapan ti nagara-nagara loear, noe madjar tjenah karaketan antara Tiongkok djeung Japan teh bakal disanghareupkeun ka Europa djeung Amerika.

Sabalikna didjentrekeun, jen koe timboelna karaketan antara Tiongkok djeung Japan teh bakal ngadatangkeun karapihan di Azia-Wetan, nja kitoe deui bakal nimboelkeun kamadjoean di sakoeliah djagat.

Soerat kabar "Chugai Shogyo" njeboetdeun madjar merenah djeung nintjak pisan dina waktoena katerangan minister Hirota katoet pamanggihna kana hal karaketan antara Tiongkok djeung Japan teh, lantaran pareng di pihak loear pangpangna Inggris djeung Amerika, nganggapna teh teu hade bae' lantaran sieuneun koe ajana karaketan anoe kaseboet di loehoer, kapentingan doea nagara anoe kaseboet pandeuri (Amerika djeung Inggris) di Tiongkok bakal kaganggoe.

### Diajakeun conferentie

**Masih keur karaketan antara Tiongkok djeung Japan**

Nagasaki, 28 Febr. (Aneta Iwaki). Lit Sei, adviseur ministerie Buitenlandsche zaken Tiongkok, tanggal 3 boelan ieu baris ngajakeun babadamian djeung panoengtoen—panoengtoen Japan, noe maksoedna keur kapentingan karaketan antara Tiongkok djeung Japan.

## DUITSCHLAND.

### Prins Auwi teu damang wales.

**Poetra ex-keizer anoe kaopat.**

Berlijn, 28 Febr. (Aneta-Transocean). Prins Auwi, poetra exkeizer Duitschland anoe kaopat, ajeuna teu damang wales.

## OOSTENRIJK.

### Schuschnigg soegema.

**Kana hasil babadamian di nagara loear.**

Weenen, 28 Febr. (Aneta). Schuschnigg djeung minister Berger Waldenegg njeboetkeun pohara soegemana koe hasilna babadamian di Londen djeung Parijs teh.

## FRANKRIJK.

### Perdjalanan sir John Simon

**Babadamian djeung pihak Parantjis.**

Parijs, 28 Febr. (Aneta-Transocean). Minister sir John Simon babadamian djeung Laval, tina hal pamaksoedanana ngajakeun perdjalanan ka kota Berlijn. Peuting ieu babadamian teh kalawan ditoengkoelan koe premier Flandin.

## ZWITSERLAND.

### Paraguay Exit

**Komisi papaseaan di Gran Cacho**

Geneve, 28 Febr. (Aneta-Transocean). Ngantet djeung pamentana Paraguay pikeun kaloear ti Volkenbond, badan komisi anoe kapapantjenan ngoelik papaseaan di Gran Cacho (antara Paraguay djeung Bolivia. Red. Sip.) ajeuna moetoeskeun jen engke tanggal 11 boelan ieu baris ngajakeun koempoelan, maksoedna ngoelik kaajaan sanggeusna Paraguay ka loear ti Volkenbond tea.

## NEDERLAND.

### A. W. F. Idenburg tilar doenja

**Oeroet G.G. di Indonesia**

Den Haag, 28 Febr. (Aneta). Tadi isoek (Kemis), oeroet goepnoerdjendral di Indonesia, toean A. W. F. Idenburg, sanggeus teu damang aja minggoena, lantaran hartverlamming, tilar doenja.

Ngantet djeung ieu kadjadian teh, di Eerste djeung Tweede Kamer koengsi diajakeun pangeling-ngeling. Voorzitter Eerste Kamer ngadadarkeun, jen maotna toean Idenburg teh nimboelkeun karoegian anoe lain loemajan ka nagara.

Minister Slotemaker de Bruine, saroea kawas pamarentah Walanda ngiring sedih, ngadadarkeun, madjar pohara ngenesna koe ditinggalkeun maot teh.

Minister - president djeung njonja Colijn koengsi ngalajad ka noe kapapatenan teh.

*(Telegr. pandeuri, papasrahan djeung mestakeun Saarland, teu kabagean tempatna.*

*Red. Sip.)*


**MEMBERI TAOE**

Moelai tanggal 1 Maart 1935 kita poenja toko harga-harga dirobah seperti harga obral.

Dan saben pembeli f 5.— dapat gratis 1 stuk *mode blad.*

**«TOKO SAN»**

*DAMES MODES MANUFACTUREN.*

**No. 1714.**


# Sport

### Voetbal Bandoeng

„TJIREBON" DI TEGALLEGA!

Engke sore, oemoemna sportvoetbal liefhebbers oerang Bandoeng bangsa Indonesiers babakoena, bakal birat ka Tegallega, ngadeugdeug pertandingan antara „Tjirebon" djeung „Singgalang".

Isoek sore bakal beuki tamplok lantaran komo pertandingan afficieel isoek mah, „Tjirebon" — „Bandoeng" anoe dioeroes koe P.S.S.I.

Dus, powe ieu djeung isoek, „gezond" oerang Bandoeng teh!

### Badminton Bandoeng

Dina powe Minggoe noe bakal datang (pageto) di Kresnaweg Teloekboejoeng, baris diajakeun friendly-game antara P.B. „Sehat djeung P.B. Kresna.

Koe sabab eta doea club noe ka seboet di loehoer kaitoeng harade maenna, keur noe resep kana eta sport perloe oge laladjo.

Mimitina proeng poekoel 7 isoek-isoek.

# Panganggoeran

### Entjep djadi pokrol

Oepama kabeh koelawadet bondorojot Entjep, ooms, tantes, sisters and brothers, ladies and gentlemen, Dammen und Herren, mes dames et messieurs, poetra dan poetri, handai dan taulan, saudara-saudara, doeloer - doeloer.,......... para djoeragan istri - pameget etcetera............ kersa roeroempaheun saroemping ka imah Entjep, tangtoe pangling!

Pangling, lantaran sadjabana ti naambord anoe sasarina digantoengkeun loehoereun gedong nomer 100 blok 1001 di sisi gang Ajoed teh, aja deui toe lisan noe kieu oenina:

*ENTJEP*

*Zaakwaarnemer — Mengoeroes perkara civiel, crimineel d.l.l.*

*Ongkos ditanggoeng moerah, perkara tjepat dan hasil kaloe perloe bisa pertjoemah (gratis)!*

Ieu pagawean Entjep noe sambean, selang-selang tina ngeusian djoeroe *Sipatahoenan*, nja njiar clienten, njoektjroek noe padoe, ngangsonan noe qoegat, perkara ini dan itoe, nepi ka noe rek naksi pisan koe Entjep bisa dioeroeskeun.

Geus djadi kabiasaan dagang djaman ajeuna, henteu bisa make patokan paribasa sinjoh *goede wijn behoeft geen krans* deui.

Kitoe sababna, anoe matak koe Entjep dimoeat di dieu oge, sangkan sarerea wanoh, oelah keuna koe paribasa *onbekend maakt onbemind*.

Lir ibarat tjonto, soepaja koe sarerea bisa dioedji nepi ka lebah mana kakoeatan Entjep dina perkara djeung oeroesan di pangadilan, ieu di handap bisa dibandoengan koemaha oenina adpis Entjep anoe geus diasongkeun ka noe keur perkara. Lantaran Entjep pseudo-journalist, nja ka journalist deui bae advies teh dikirimkeunana, minangka resensi:

Toean Zentgraaff ti *Java-Bode*, didakwa koe toean Van Wijk, oge asal ti *Java-Bode*, kabeh dieunakeun koengsi djadi hoofdredacteur almarhoem *Trans-Pacific*.

Toean Van Wijk ngarasa dihina koe toelisan toean Zentgraaff dina soerat kabarna, tapi barang ngirimkeun balesan menta dimoeat, koe toean Zentgraaff ditolak.

Nja toeloej perkara, sarta fiscaal griffier menta soepaja toean Zentgraaff ditibanan hoekoem dengda 75 roepia.

Entjep koengsi keurseus kana atoeran drukpers teh, sarta noe inget keneh artikel 19 oenina:

> De ondergeteekende beantwoording van persoonlijke aanvallen, gispingen of beoordeelingen, moet in het eerstvolgend nummer of de eerstvolgende aflevering na het inkomen daarvan kosteloos in het tijdschrift, waarin de persoonlijke aanval, gisping of beoordeeling voorkwam, worden opgenomen.

Maksoedna mah **koedoe** dimoeat bae balesan teh, toer gratis!

Lamoen ditolak, nja kaoeni hoekoemanana dina sub (3) artikel eta keneh, noe oenina:

> Weigering van plaatsing der beantwoording buiten het geval, waarin voorafgaande betaling kan gevorderd (lantaran lamoen balesanana tea leuwih ti doea kalieun toelisan anoe didjawabna, noe ngadjawab koedoe majar), wordt gestraft met hechtenis van ten hoogste drie maanden, of geldboete van ten hoogste vijfhonderd gulden.

Maksoedna, lamoen nolak (embung ngamoeatkeun), bisa diboei nepi ka tiloe boelan, atawa dengda nepi ka 500 roepia.

Naha antara toean Van Wijk djeung toean Zentgraaff, lamoen geus ditibanan hoekoeman noe kaseboet pandeuri, heug walonan tea henteu bae dimoeatkeun, bisa diperkarakeun deui?

Ieu pertanjaan koe Entjep dikirimkeun ka Batawi, ka toean Van Wijk, soepaja sapandjang walonanana tea atjan dimoeat mah, kadjeun teuing toean Zentgraaff geus didengda f 75.— perkarakeun deui bae, keun soegan doea-tiloe kali dengda maal f 75.- ...............tjan dimoeat mah teroeoeoesss............ perkarakeun

Tjeuk saha Entjep lain pokrol ........ ba......... boe?.........

*Entjep.*


## TOKO LUCKY

**Heeren Kleeding Mode Mgazijn.**

Pasar Baroe — 77 — Bandoeng

| | |
|---|---|
| Baroe trima dari Australie sepatoe Toean. Harga per pasang | f 3.50 |
| Kemedja dari Europa, moelain harga | f 1.25 |
| Dasi dari Amerikaan, moelain harga | f 0.75 |

Enz enz.

Depot sepatoe merk **„ROBINSON"**

Djoega kita ada bikin pakean toean-toean.
Pekerdjaan ditanggoeng netjes dan moerah.

Coupeur: M. HOESIN

Satoe toekang potong jang soedah berpengalaman tioe koep dan pande. 47

# OBRAL BESAR

## Sagala Barang di djoewal dengan 50 pCt. ROEGIE

| | | |
|---|---|---|
| Djas Odjan | dari | f 2.90 |
| Kaoes Kaki Toewan | „ | f 0.12½ |
| Sapoetangan | „ | f 0.03 |
| Dasi Soetra | „ | f 0.25 |
| Sepatoe Njonja | „ | f 1.25 |
| Paris Polos | „ | f 0.08 |
| Paris Krawang kembang | „ | f 0.12 |
| Kamedja Aloes | „ | f 0.55 |

| | |
|---|---|
| Soetra Greep | dari f 0.15 per el. |
| Poplin Streep) boewat pyama) (Klamboe tulle | f 0.10 „ |
| (1 blok 13 ello | f 0.65 |
| Klamboe Karandjang djadi | f 1.95 |

**GABARDINE WOOL 100 pCt. DARI EUROPA f 1.25 per el.**

LAIN LAIN BARANG SEPERTI

Selendang, Saroeng, Selimoet, Soetra-soetra Aloes, Kadjee Kaos, segala djoewal dengan

50 pCt. MOERAH

Ini

**Toko dari Soerabaja**

(Boeat sedikit hari poelang kombali)

GR: POSTWEG OOST No. 2]

(dekat sama Bandoengsche Apotheek, di Roema mana Toko De Zon bikin Obral doeloe No. 56.

# Dipilari

Hidji Goeroe Indonesier kanggo Hoofd der Pasoendan school di Madjalengka. Noe tiasa ditampi panglamarna paling handap kedah gadoeh diploma H. I. K. atawa diploma H.K S. Soegri noè bade ngalamar, sareng noe palaj katerangan perkawis gadjihna noe langkoeng paos kedah enggal njeratan ka Hoofdbestuur Bale Pamoela ngan Pasoendan Tasikmalaja, paling laat doegi ka ping 10 Maart 1935.

*Kalajan asmana Hoofdbestuur*
*B.P.P.*
*De Voorzitter:*
*AHMAD ATMADJA.*


MEUBELHANDEL „D U O"
Groote Postweg Oost No. 213 Bandoeng.

Hatoer oeninga ka sadaja Djoeragan-djoeragan, di To ko pribados njajagikeun roepi-roepi paparabotan roemah-tangga, sapertos: Korsi, medja, tempat tidoer s.d.t. Pangaos benten ti noe sanes, ngitjal CONTANT sa reng HUURKOOP.

Soemangga soemping, tingalian boektosna.

Kairing koe kahormatan.
67 Meubelhandel „D U O"

**Dokter SOENARIO SARWONO**
REGENTSWEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradiian sareng ngoeroes noe babar, njepitan moerangkalih.

Waktosna nampi tamoe { 7 — 9 endjing' / 4.30 — 6 sonten

**Dinten Minggoe sareng dinten noe di moeljakeun noemoetkeun perdjangdjian. Kenging disaoer wajah koemaha bae ka boemi.**


# Bewara.

Koe margi boekoe: **„HERINNERINGEN VAN P. A. A. DJAJADININGRAT"** bade enggal dikaloearkeunana, disoehoenkeun ka para bestuur tjabang Pasoendan, ti ajeuna enggal milari anoe pingagaleuheunana, lijst djenengan-djenengan sareng adres-adres na njoehoenkeun enggal dikintoenkeun ka Hoofdbestuur.

HOOFDBESTUUR „PASOENDAN"


Anggo salamina:
SAPATOE
SELOP
TAROEMPAH
SANDAL

Kaloearan:
Schoenwinkel „ARDJOENO"
Soeniaradjaweg 71 — BANDOENG

# Perhiasan boemi

Kangge perhiasan di djero boemi, kamar paranti koelem sareng kantor noe katjida saena kanggo pamandangan, teu aja sanes noe paling oetami kedah diamparan koe alketip boeloedroe noe ageung sareng alit, damelan Fabriek Europa noe teu kinten kiat sareng sae modelna:
Di toko Pribados nembe nampi roepi-roepi alketip boeloedroe anoe sae roepi-roepi model sareng kleurna. Oekoeran 55×110 sareng 62×125. Kanggo netepan ti ngawitan pangaos f 4,20 doegi ka f 9.30.
Oekoeran 185×200 kanggo amparan pajoeneun pangkoeleman sareng kantor ti ngawitan pangaos f 24.50 doegi ka pangaos f 39.—
Oekoeran 170×240, sareng oekoeran 250×350, kanggo dipajoen ti ngawitan pang. f 17.75 doegi ka pangaos f 85.—
Samemehna para djoeragan soemping ka Toko sanes, soemping heula ka Toko pribados mangga boektoskeun, tangtos engke tiasa kenging katerangan saroepi-roepina.

**De Neuwe Bazaar** **Dames en Heeren Mode Magazijn**
Pasar Baroe 102A — Bandoeng — Telf. 479

Philips type 172
5 lamps-toestel
**Contant f 120, njitjil f 9.50 seboelan**

Erres KY 110
4 lamps-toestel
**Contant f 140, njitjil f 11.50 seboelan**

Philips 334 A.
**Contant f 275, njitjil f 23.— seboelan**



Hoong ngadangoekeun gamelan Soenda? Atanapi Dawa?

Teu kedah tebih-tebih ajeuna mah, ngagaleuh bae radio. Margina oepami henteu sidik kakantoenna koe djaman teh, sedeng ajeuna teh NIROM special ngaja keun Oostersche zender, njebarkeun lagoe oerang.

Kana Radio toko Maskot,
Moal ka datang ka teu pogot. 58

**TOKO MASCOTTE**
BATAVIA — MOLENVLIET OOST 4
GROOTE POSTWEG 77 — BANDOENG — TELEFOON 2255

Spelet

— **TAH TJOEN** —
*DENTIST.*
Seblah Pakgade Groote Postweg West 25 — Bandoeng.
Para djoeragan istri pameget oepami karaos dina waos, teu kedah milari deui anoe sanes. Sae soemping bae ka toko pribados. ditanggel moal karaos deui, soemawonten oepami ditjaboet moal karaos njeri.
Sadaja padamelan kenging garantie sareng sadajana paparabotan didjalankeun koe electrisch.

PERK. STUDIEBANK.
*Achterpassarstr. No. 70.*
nampi lid anjar doegi ka Maart. Oge namboetkeun artos ka sanes lid.

**M. Wiria Mihardja**
gepens. onderwijzer Normaalschool Garoet, geef please spoedigst Uw adres op aan
*Het Ksatrian Instituut.*


Telef. Adm. 1520

AGENT-AGENT „SIPATAHOENAN".

Publiciteitskantoor „DE GLOBE", N.Z.Kolk 19
AMSTERDAM.

Secretariaat N.V.V.,Amstel 244
AMSTERDAM.

„PERS-BERICHTEN", 2e.Jan v/d Heydenstr. 107B.
AMSTERDAM.

Secretariaat „KAOEM MOEDA INDONESIA", Tasmanstraat 56.
DEN HAAG.

Best.Perhimpoenan „INDONESIA RAYA", Sharia Amir Farouk
D. CAIRO.

AHMAD, Joo-Chat Road 180
SINGAPORE

OEMAR ALI p/a DATOE' di NEGRI, Boenian
PAJAKOMBO.

Publiciteitskantoor „DE GLOBE", Rijswijk 7b.
BATAVIA-C.

R.A.KARNA, Petodjo G. Entjlek VII No. 226
BATAVIA-C.

NITI SOEMANTRI, Spoorlaan SOEKABOEMI.

Best. „Pasoendan" tjabang
TJIMAHI.

H.A. MASDOEKI, Djadjawajweg
TASIKMALAJA

MOH. ALKORI, Pakaoemanweg
TJIAMIS.

Best. „Pasoendan" tjabang
TJIREBON.

BESTUUR „PASOENDAN" Kaoetamaan Istri schoolweg 12 Regol
GAROET.

# LOGODJO

Koe:
*Sjarif-Amin.*
Tina: *„Uit de gedenkschriften der beulen van Parijs".*
*(1685—1845).*

102

— — — — — — — —

BAPA DJEUNG ANAK.

Teu bisa dipindingan deui kasoempegan hate teh, bakat noe ka leleban, sanadjan diboeni-boeni oge teu boeroeng nembrak nonggerak. Paroman aloem kawas noe gering nangtoeng ngalanglajoeng, pias lir noe moeriang teu kawajaan.

Sanadjan katjida dirasiahkeunana, ninggang dina saat baloeweng teu poegoeh ingetan mah, di lelekan koe kantja-mitrana teh teu boeroeng teroes-terang; malah doenoenganana pisan, Lecointre, njahoeun naon sabab-sababna pang Jean kagegeringan.

Lain ngan doemeh ka pagawena anoe dina tempo teu sabaraha lilana geus katjoo pisan djeung lantaran saihwan bae, tapi koe bakat-bakat Jean dipikaroenja koe doenoengan, Lecointre ngadenge meunang katerangan kitoe teh pohara deudeuheunana.

Djaoeh tina basa ngabibisani; sabalikna, pohara dimaloemna, hidji djadjaka pantar Jean anoe rasa kabirahianana keur mimiti mekar, ligar koe sorot kasoetjian batinna Helene, koe taladjak bapana ngadadak boeroeng moen di kembang mah.

Hidji mangsa, pantesna keur meudjeuhna salse gawe, Jean koe doenoenganana ditjaloekan, dibawa njarita padoeoeaan.

Ditendjo prak-prakanana noe mawa njarita, teu saeutik-eutik atjan siga ti hidji doenoengan ka pagawena, tapi bleg hidji bapa eukeur ngagelendoet ngomongan anakna.

Kalawan titih-rintih, tetela mataak kaharti saketjap-ketjapna, Jean diwoeroekan koedoe koemaha narekahanana sangkan kabingoengna lipoer, kalelebanana koe kembang hate djadi ngoerangan, lamoen teu tjageur pisan teh.

Tjeuk Lecointre, taja deui akalna iwal ti koedoe intjah, njaba ka djaoehna, soepaja rea papanggihan anjar, nendjo kaajaan marodel djeung mingsal ti sapopowena, sarta koe djalan kitoe, ka soempeg hate teh bakal bisa dipapalerkeun, bakal kagoda koe pangaroehna njanjabaan.

Katimbang gede teuing piwara gadeunana lamoen ngahadja ngadon pelesir, losna njaba teh bisa sakalian djeung ngoeroes pagawean, ka Vlaanderen, balandja keur kaperloean doenoenganana, keur paoesahaan Lecointre.

Biasana manehna sorangan noe sok indit ka djaoehna teh, plengplengan aja boelanna; tapi harita, lantaran pohara kareenjana ka Jean, nja djangdji rek ngawasakeun bae, toer baris ditjoemponan piongkoseun satjoekoepna.
Mani sababaraha kali didongengkeunana koe Lecointre, koemaha resepna njaba ka noe kakara, papanggih djeung noe sagala anjar, djelema, kota-kota, patempatan djeung sabangsana.

Saharita Jean henteu njanggoepan kitoe-kieu, malah sadjeroning diwoeroekan teh teu ngadjawab saketjap-ketjap atjan, ngan toeng koel djeung toengkoel bae gawena teh.

Barang ditalek noe enja, kakara manehna ngadjawab, menta tempo rek mikir heula.

Di imah pangandjrekanana, nepi ka sapat sapeuting dipake njaring, moelak-malik ingetan koemaha hadena, ngoekoer kategeran hate djeung pasanggoepan, keukeuh henteu daekeun gembleng pikiranana teh.

Karasana koe Jean, oebar teh leuwih mahala ti batan panjakit; dina kaajaan saroepa kitoe maneh na roemasa jen henteu sanggoep. Henteu tjoekoep kaloeasan hate na pikeun intjah ka noe sakitoe djaoehna, ninggalkeun Helene boeah atina.

Keukeuh teu kadoega mana ko mo djeung njaho ka saha Helene bakal kawinna mah, nja eta ka bapana, hidji djelema anoe koe manehna koedoe dipoendjoeng-poendjoeng, koloe anoe koedoe di poedja-poedja.

Sanadjan karasana njeri, manehna teu meunang njeri, lantaran ti saat harita Helene teh dja di hidji awewe soetji eukeunna mah, djadi panoetan saperti bapana.

Tapi, boeboehan Jean gede rasa-roemasana, inggis sieun dihoekoeman noe asih dipoelang sengit, sareboe kali emboeng, salaksa soengkan oge, isoekna mah teu boeroeng njanggoepan jen sanggoep, njaba pangdjoeroeng doenoenganana teh.

Beuki tereh-beuki hade, tjeuk doenoenganana teh koe sabab eta, sanggeus dipagahan naon noe koedoe didjalankeun di panjabaanana tea, oge ongkos pibekeleunana geus dibikeun, ditetepkeun isoekna, Jean rek indit teh.

Peutingna, poekoel salapan, manehna kakara reres beberes keur pibawaeun; maloem rek njaba ka noe djaoeh, atoeh mokaha bae koper oge aja doea-tiloena.

Toek-tekna sora djam, ngetejep na djaroem noe noedoehkeun waktoe, diawaskeun, diteuteup, loepoet teu katendjo obahna, keur Jean mah asa pohara ngaroeroesoehna.

Manehna njaho, jen oepama peuting eta beak oemoer teh, tangtoe papanggih djeung beurang, powek diganti koe tjaang, mangsana manehna miang, intjah ninggalkeun baligeusan ngadjadi, loemakoe dibangbaloehan koe katibelatan.

Bari ngadioekan koper gede wadah pakeanana anoe rek dibawa, manehna ngadjentoel teu obah-obah, panonna nendjo kana djam, noe bangoen sabar djeung tawekal, nikreuh ngalakonan kawadjibanana, genah, merenah, bangoen betah, napel dina bilik bari ngintip noe rek indit.

Poekoel sapoeloeh.........

Jean tjengkat tina pangdioekanana, lalaoenan leumpang moefoe ka tempat sare.

Manehna leuwih ti njaho, jen inditna njaba teh rek reboen-reboen, moefoe toetoenpakan noe pangisoekna.

Manehna njaho, jen oepama henteu boeroe-boeroe sare tangtoe kabeurangan, sakoerang-koerangna isoekna kaganggoe toendoeh.

Tapi, tinimbang ka kamar, sanadjan njaho didagoan koe bantal, digeugeuwat koe goegoeling ......... lepasna mah lain ka kamar sare!

Koengsi ngadjanteng sakeudeung, djasadna kalah wowotan, njerah lir sarah koe tjaah, ngaheong kabawa palid koe pangadjak lelemboetanana, intjah kaloear ti imah.........

*(Samboeungeun).*

„SIPATAHOENAN"

No. 49 — 2 Maart '35 — Saptoe — 26 Hapit 1353 Th. ka XII

LAMBARAN KA — II

# Masdjid Agoeng di Tjirebon.

Oleh
*Mr. MUHAMMAD YAMIN*
(Oentoek Sipatahoenan)

*MOTTO:*

*Iza mata ibnoe Adam, inkhahta'a 'amaloehoe illa min thalathin, cadakatan djariah, wa 'amalan nafi'an, au waladan calihan jad'oe lahoe.*
*(hadith Moeslim).*

*salinannja:*

*Apabila seorang toeroenan Adam meninggal doenia, maka poetoeslah amalannja, selainnja dari pada tiga perkara, ja itoe: w a k a f, dan o e s a h a jang bergoena, atau a n a k jang s a l é h jang mendo'akannja.*

Soal memperbaiki Mesdjid Agoeng di kota Tjirebon moelai menarik hati. Sajang sekali dalam kegirangan oentoek pekerdjaan amal telah terbit poela beberapa pemandangan jang timpang, jang roepa-roepanja boleh menimboelkan kekeroehan.

Pokok pangkalnja perkara Mesdjid Agoeng itoe memang bersih. *Pertama-tama* karena mengingat sedjarahnja.

Di antara segala mesdjid-mesdjid jang berdiri ditanah Indonesia ini, adalah Mesdjid Agoeng itoe satoe gedoeng jang berasal dari kembangnja dan moela-moela masoeknja agama Islam ke tanah air kita ini: sedjarahnja memang satoe dengan sedjarah Wali Songo, dalam abad jang ke 15 dan 16.

Mesdjid Agoeng itoe dapatlah disatoekan sedjarahnja dengan Mesdjid Demak, Ngampel, Palembang dan lain-lainnja.

*Kedoea:* tidak sadja tentang sedjarah, melainkan djoea oentoek pengatahoean dan seni memang Mesdjid Agoeng itoe sangat berarti.

Hal ini memang telah diakoei oleh ahli barang koeno dan ahli sedjarah.

*Ketiga:* oentoek orang Islam adalah mesdjid itoe soeatoe roemah soetji, jang harganja tidak dapat disamakan dengan oeang atau emas. Malahan beberapa golongan memoeliakan Mesdjid Agoeng itoe dengan harga jang tinggi, karena mengingat dan memoeliakan Wali-wali dan penjiaran agama soetji ditanah Indonesia.

Mesdjid jang begitoe tinggi harganja itoe, pada ketika ini didapat dalam keadaan jang koerang sempoerna.

Roemah soetji itoe soedah banjak jang roesak, hampir roentoeh.

Oleh sebab jang terseboet diatas, maka di Tjirebon telah berdiri soeatoe Komite dan anggotanja djoega Resident dan Soenan Sepoeh.

Komite ini akan mengoempoelkan oeang oentoek memperbaiki mesdjid itoe.

Djoemblah oeang jang diperloekan kira-kira seratoes riboe roepiah. Pekerdjaan dan oesaha komite itoe tentoelah mesti patoet dihargakan dan dipoedji.

Masoeknja oeang memang tidak dengan moedah. Barangkali karena soekarnja waktoe sekarang. Barangkali djoega karena oesaha itoe baroe sadja dioesahakan.

Baroe-baroe ini Raad Kaboepaten telah memoetoeskan hendak memberikan toendjangan banjaknja f 5000.— oentoek memperbaiki mesdjid itoe. Dan berhoeboeng ini soedah datang dari satoe doea pihak keberatan. Roepa roepanja karena koerang pemandangan atau hendak mengeroehkan oesaha jang terseboet.

Tiga keberatan jang dikeloearkan oleh soerat kabar Belanda, Het Bataviaasch Nieuwsblad.

Keberatan jang *pertama*, karena Mesdjid itoe terletak dalam daerah Gemeente; djadi jang haroes memberi sokongan boekannja Raad Kaboepaten, melainkan dari kas Djoeragan Haminte.

Keberatan itoe tidak begitoe penting dan djoega tidak betoel.

Mesdjid Agoeng berdiri boekankah oentoek Haminte, melainkan oentoek orang Moeslim didalam dan diloear lingkoengan Kaboepaten.

Jang pertama sekali rakjat Kaboepatenlah jang akan datang sembahjang ke-mesdjid itoe.

Dengan kalimat sembojan: Mesdjid Agoeng lebih baik dihoeboengkan dengan Regent dari pada dihoeboengkan dengan Burgemeester Tjirebon.

Djoega menoeroet hoekoem Islam adalah betasan daerah soeatoe mesdjid tidak sama dengan daerah Gemeente Tjirebon, melainkan jang ditoeroet jang lingkoengan pengikoet Islam jang terbagi dalam moekim jang tertentoe.

Raad Kaboepaten soedah semistinja haroes membantoe dan soedah sewadjibnja. Tentoe sadja tidak ada keberatan djikalau gemeente dan pemerintah-oemoem djoega membantoe, karena oendang-oendang decentralisatie dalam hal ini tidak dapat dipoetar-poetar oentoek meroegikan soeatoe oesaha jang begitoe baiknja.

Keberatan jang *kedoea*, karena oeang f 5000.— terlaloe besar kalau dibandingkan denga bahroeteng Kaboepaten Tjirebon jang djoemblahnja f 125.000.—

Keberatan ini menjatakan koerang pengatahoean.

Oeang jang lima riboe itoe memang banjak. Tetapi tidak diambil dari bahroeteng tahoenan, dan djoega bahroeteng tidak akan bertambah olehnja.

Adapoen djoemblah f 5000.— itoe akan diambil dari soeatoe fonds kepoenjaan Kaboepaten, jang sekarang besarnja kira-kira f 50.000.— Oeang ini oeang lebihan dari oeang senang tidak terpakai.

Djadi kalau disediakan oentoek Mesdjid Agoeng sepersepoeloeh dari padanja, maka bahroeteng tidak roesak dan belasting tidak perloe naik.

Keberatan jang *ketiga:* katanja perhatian orang Moeslim sendiri ada koerang sekali, sehingga oesaha jang terseboet ada boeatan beberapa orang sadja.

Ini tidak betoel: perhatian dan keboetoehan anak negeri kepada Mesdjid Agoeng soedah beratoes ratoes tahoen lamanja.

Djoega sekarang ini terlaloe mesdjid itoe mendjadi poesat jang terpenting.

Demikianlah keberatan jang dikeloearkan oleh soerat kabar Belanda memang koerang benar dan tidak beralasan sama sekali.

Ada jang ditjari-tjari ada jang koerang katerangan. Tetapi ada poela jang seolah-olah mentjegah perboeatan jang soetji itoe.

Oentoek kepentingan pengikoet agama Islam, pengetahoean sedjarah, barang koeno dan oentoek kesenian, memanglah perloe Mesdjid Agoeng diperbaiki Andjoeran Komite jang terseboet mestilah mendapat sokongan jang tertentoe.

Wakaf dan pemberian djangan ketinggalan.

Toendjangan jang halal djanganlah ditahan-tahan.

Astana Kaboepaten di kota Tjirebon soedah diperbaiki.

Berhoeboeng dengan keraton ini, maka mesdjid Agoeng tidak boleh diabaikan.

Oentoek ibadat, ilmoe dan keboedajaan tanah Indonesia hendaklah dengan segera oesaha jang baik ini berhatsil dengan sempoerna.

Dan ingatlah pesenan ilahi didalam kitab Qoer'an:

Gambarnja orang jang mendermakan hartanja menoeroet djalan jang baik, adalah seoempama menanam bidji jang menerbitkan toedjoeh tangkai; tiap-tiap tangkai itoe menghasilkan poela seratoes bidji.

Allah mengganda pada siapa jang berboeat baik, dan Allah mengetahoei seloeas-loeasnja.

## Soerat

*(Loear tanggoengan Redactie)*

### B.C.P.G.B. di Bandoeng

*Iraha rek ngajakeunana koempoelan taoenan?*

Geus djadi kabiasaan sakabeh pagoejoeban boh pagoejoeban poelitik atawa noe sedjenna soemawonna pagoejoeban noe ngawoengkoel ngoeroeskeun tina perkara doeit mah, dina saban-saban toetoep taoen sok ngajakeun gempoengan taoenan (jaarvergadering)

Nja kitoe deui pagoejoeban anoe kaseboet di loehoer dina saban-saban taoen, noe enggeus-enggeus mah tara elat ngajakeun gempoengan taoenan teh.

Tapi katjida heranna naon sababna bet dina toetoep taoen 1934 mah nepi ka kiwari anoe geus meh nintjak 1 Maart 1935, tatjan keneh bae ngajakeun gempoengan.

Noe noelis hawar-hawar meunang bedja ti paloearan, padjar B.C. P.G.B. teh dina waktoe-waktoe ieu keur aja dina kakoesoetan

Tah, koe ajana ieu bedja tea, sanadjan eta bedja tea ngan saoekoer bedja angin, tatjan poegoeh salah benerna, noe noelis mah katjida handjakalna, sabab da henteuna koe ajana eta bedja-bedja tea matak ngadjadikeun koerang kapertjajaan ka ledenna eta pagoejoeban atawa ka oemoem.

Koe margi eta noe noelis boga panoehoen ka para djoeragan Bestuurs B.C. P.G.B., moegi enggal enggal ngajakeun kempelan taoenan, atanapi oepami aja pambengan anoe penting kersa maparin katerangan dina ieu serat kabar, soepados tiasa ngitjalkeun sangka-sangka anoe awon di paloearan.

V.D.

---

*Hatoeran*
*Djoeragan Em. K.Atmadja*
*SOEKAMANDI.*

*Sareng hormat.*

Ngawaler seratan djoeragan di na Sip. No. 37 ping 16 Februari, anoe diadreskeun ka para djoeragan Redactie ieu soerat kabar.

Roepina teu aja lepatna sim koering ngawaler dina ieu soerat kabar keneh, sanaos sareng djoeragan sering tepangna, malah kantos ngobrol sagala roepi.

Sateu-atjanna masihan katerangan, ngahatoerkeun rewoe noehoen, toelisan sim koering aja boeahna, boektina djadi boeah manahan djoeragan, saladjengna ka hajang mah sanes bae djadi boeah manah djoeragan, namoeng sing kaemoet kaperloeanana koe oerang Soenda noe aja di Soekamandi.

Djoeragan kagoengan manah PANASARAN koe ketjap TJAKAH-TJIKIH, kedah dikamanakeun lojokna.?

Leresan eta roepina teu kedah pandjang ditjarios, margi: oepami dilojogkeunana koe djoeragan kana kasaean, tangtos djadi saena, nja kitoe deui oepama dilojogkeun kana kaawonan, tangtos djadi awonna.

Moeng papada kitoe, moegi koe djoeragan ditimbang-timbang, eta ketjap sareng rentetanana tjarios teh, naha aja dina garis hade atanapi dina garis awon?

Maksad sim koering, sanes bade ngalem da sanes tempatna alemeun. Sanes bade ngagogoreng, da teu nintjak dina kaawonan. Sok soemawonna bade ngadamel siswo mah sapertos kasaoeran djoeragan,......... henteu.

Sanaos koe djoeragan henteu dipoendoet oge, oepami djoeragan njorang djalan lepat enggoning ngadjalankeun kawadjiban djoeragan, tinangtos sim koering hideng koe maneh, wantoen njarios pajoeneun djoeragan, atanapi dimana perloena.

Ajeuna mah langkoeng oetami djoeragan kagoengan manah PANASARAN teh oelah moeng oekoer kana ketjap TJAKAH-TJIKIH-na bae, namoeng kedah PANASARAN kana hantjaeun djoeragan anoe bade dipidamel.

Sanes keur bajatak keneh?!?
Mangga adjak noe daek!

Pertjanten kana KAPANASARAN djoeragan.

Ieu hal teu kedah dipandjangkeun, margi teu kaemoet kaperloeanana.

Mangga doegi ka patepang deui.

Honengna,
*HEROYONO.*

---

KOSTHUIS
voor studeerende jongelui event. ook voor werkenden Gunstig gelegen, rustige omgeving, zeer billijk tarief. Brieven met letter „K."

*Kahatoer*
*Redactie Dagblad „Sipatahoenan"*
*BANDOENG.*

Parantos aja 6 kalina dina lebet sasih ieu Februari boemina djoeragan Iin di Gang Langensari (gem. woning) aja noe maledogan.

Doepi maledogna kenging dipastikeun tangtos di palih Kaler, margi saban-saban dongkapna pamaledog teh kana soehoenan palih Kaler, doepi pamaledogna sakapeung batoe, sakapeung taneuh da katara saparantos keuna kana seng teh kakoeping moeroeloek.

Sasarina ana maledog teh sok dina malem Salasa — Djoemaah, tapi kamari malem Minggoe (23 Februari 1935) parantos der deui bae maledogan datangka kapaksa noe kagoengan boemi harita keneh teras rapport ka djoeragan Mantri politie Kring I, handjakal kaleresan keur teu aja di boemi, ngan aja serseu bae ngadjaga bisi aja telefoon; ka ieu serseu oge kantos didadarkeun, ngan serseuna teu tiasa ngantoenkeun djalaran teu aja pisan noe djaga.

Saenjana mah maledogna teh henteu bisa ditangtoekeun atawa dipastikeun ka djoeragan Iin, margi eta boemi teh dipetak-petak (nepi ka aja 6 petakna) malah pamaledog anoe waktos malem Djoemaah mah keuna kana soehoenan toean D. anoe memang pagegeje sareng djoeragan Iin tea, datang ka kentengna totos, sarta kabeneran waktoe harita teh keur hoedjan, atoeh teroes botjor ente lain loemajan.

Teu kaharti, naon maksoedna anoe matak babaledogan teh, kahajang oepama aja genah panasaran mah, entong make babaledogan kitoe, bisi keuna ka djelema (ka baroedak) da djoeragan Iin teh soeeur poetrana, sedeng maledogna teh kaitoeng rada beurang keneh da tara langkoeng ti taboeh 8.

Oepama aja noe njeri hate, asa teu kaharti koe akal, da oerang Gemeente (anoe njitjingan gemeente woningen teh) henteu — malah *tara* tjampoer-tjampoer atjan sareng oerang lembur anoe aja disakoerilingna eta woning, sabab dipager kawat, sarta kahalangan koe tatangkalan anoe sakitoe boenina.

Ageung sangkaan, jen ieu teh anoe boga niat djahat, kahajang na soepaja indit ti imah, sedeng manehna djongdjon ngarajah di imah.

Kitoe-kitoe doeka, ieu mah terserah bae ka noe wadjib soepaja kersa nalingakeun (nangtajoengan), oge ka Gemeente, da sahanteuna ari mindeng-mindeng teuing mah maledogna, meureun kentengna leuwih loba anoe roeksak anoe temahna ngaroegikeun oge ka Gemeente.

I.W.

---

*Bandoeng 28 Febr. 1935.*
*Kondjoek*
*Para Djoeragan Wadana Bandjar - Pangandaran - Parigi - Tjidjoelang.*

*Kalajan hormat.*

Katarik koe seratan Sipatahoenan No. 46 tanggal 27 Februari 1935 Rubriek „Pasoendan" Tasikmalaja, anoe djoedoelna *„SINIGEUG"*.

Djisim koering besturs P.O.S. (Penolong Orang Sakit) di Bandoeng, teu kinten panoedjoena kana maksad para djoeragan, bade ngadamel polikliniėk, kanggo oemoem, babakoena kanggo ra'jat noe aja di wewengkon noe kasebat di loehoer.

Koe djalaran eta besturs Penolong Orang Sakit (P.O.S.) ngiring bingah, malah oepami perloe tiasa roemodjong koe Mantri-Verpleger kanggo toetoenggon di eta tempat.

Moegi para-djoeragan djanten oeninga.

Hormatna
*Bestuur Penolong Orang Sakit*
(P.O.S.)
*SOEKARDI*
Voorzitter.
*TAMBRI.*
Secretaris.

BEWARA

M. U. L. O. SCHOOL PASOENDAN
DI TASIKMALAJA

PANAMPIAN MOERID

Hoofdbestuur Bale Pamoelangan Pasoendan koe djalan ieu ngawawarkeun, jen soegri noe palaj ngalebetkeun poetrana ka Muloschool Pasoendan di Tasikmalaja, kedah sasaoeran ka Kapala sakolana di satempat-tempatna. Sanaos parantos ngalangkoengan oge tina waktosna nampi, masih keneh aja kalonggaran ngalebetkeun sareng waktosna teh tiasa keneh dirobah-robah. Doepi examenna mah di ressortna noe ngawengkoe tempat sakolana.

Koe margi eta, mangga toeang poetra lebetkeun ka MULO PASOENDAN!!!

Mangga ieu di handap tingali percentagena noe kenging dina Eindexamen dina taoen-taoen noe panggenggaina. Boeahna n g a l a n g k o e n g a n tina rata-ratana noe kedah kahontal; tjontona dina taoen:

1932 noe geslaagd aja 75 pCt.
1933 noe geslaagd aja $66^2/_3$ pCt.
1934 noe geslaagd aja 68 pCt.

Sadjabi ti pangadjaran- pangadjaran noe dikedahkeun di sakola-sakola Goepernemen, di ieu sakola ditambihan koe pangadjaran-pangadjaran basa: P a r a s m a n, D j e r m a n, S o e n d a, sareng M a l a j o e. Njakitoe deui S t e n o g r a f i e diadjarkeun, malah-malah keur ditimbang bade ditambihan koe T y p e n.

Hoofdbestuur Bale Pamoelangan Pasoendan ngantos-ngantos wartos ti sepoeh moerangkalih noe sarakolana loeareun wewengkon Tasikmalaja, nja eta ti: G a r o e t, T j i a m i s sareng B a n d j a r, kanggo lebetkeuneun ka MULO Pasoendan di Tasikmalaja. Oge ti sakola noe sanes deui.

Noemoetkeun wartos ti t. Inspect. W.L.O., dina nampina pimoerideun teh bade ditimbang oelah doegi ka matak njesahkeun teuing.

Djadi koe margi eta soegri noe bade ngiringkeun poetrana kana examen, kedah enggal-enggal njeratan ka Kapala sakolana.

Sadjabi ti eta, hatoer oeninga, jen ajeuna mah s a d a j a n a moerangkalih noe kenging diploma H.I.S., Schakelschool enz. kenging ngiring examen. Kitoe deui salamina aja kalonggaran kanggo panampian moerid ka kelas sanesna.

Kalajan asmana Hoofdbestuur Bale Pamoelangan Pasoendan
*De Voorzitter:*
*AHMAD ATMADJA.*



TOKO A. B. C. PASSAR BAROE 19 - TELP. 113 BANDOENG.

HANDEL IN:
JACHT-, SPORT-, en MUZIEK-ARTIKELEN. HENGEL en REIS BENOODIGDHEDEN. VUURWAPENS en MUNITIE. GASOLINE en PETROLEUM DRUKLICHT LAMPEN en ONDERDEELEN. BONDEN en NEW PERFECTION ARTIKELEN.
REPARATIE ATELIER van VUURWAPENS. LAMPEN enz. enz.
PRIMA WERK en BILLIJK IN PRIJS MET GARANTIE.
ONDER DESKUNDIGE LEIDING.

BANDOENG, den 28 October 1934

Jang terhormat
Directie dagblad "SIPATAHOENAN"
di
BANDOENG.

Toean-toean jang terhormat !

Dengan perantaraan soerat ini, saja membilang banjak terima kasi, lantaran saja merasa banjak sekali hasilnja advertentie jang saja kasi masoek di toean-toean poenja soerat kabar.

Dari segala peloksok jang saja tida mengira, maka saja dapat pesenan barang-barang jang saja wartaken dalem Sipatahoenan.

Sajang tida dari doeloe saja mendoesin, kasih masoek saja poenja advertentie dalem soerat kabar Soenda, jaitoe Sipatahoenan jang dibatja orang banjak dan poenja pengaroeh besar.

Oentoeng djoega saja tida ketinggalan berlomba memadjoeken perniagaan dengan tetep pake djalan advertentie dalem toean poenja soerat kabar, serta dapetken hasil jang baik.

Toko A.B.C.Bandoeng.

*Kahatoer*
*Djoeragan Hoofdredacteur*
*„SIPATAHOENAN"*
*di*
*BANDOENG.*

*L.S.*

Patali sareng ajana seratan dina Sip. tanggal 22 Februari 1935 lambaran kadoea anoe djoedoelna: „BAHAJA KALAPARAN DI TJIANDJOER??"

Djisim koering anoe parantos ngaboektikeun nepi ka koemaha kakoeranganana dahareun di pilemboeran teh, kalawan henteu asaa-sa deui tiasa njebatkeun jen: TJIANDJOER *HENTEU SARTA MOAL KALAPARAN!!*

Jaktos aja kakirangan tedaeun *(Voedsel-schaarschte)* anoe dina waktos ieu sanes bae di bawahan Tjiandjoer, tapi kenging disebat soemarambah kamana - mana, ngan ari ketjap *„Hongersnood"* mah sanaos *„in het eerste stadium"* koe emoetan teu atjan merenah, teu atjan keuna kana mistina.

Kaajaan saperti ajeuna anoe biasa diseboet „paila" (oesoem ngoejang), moenggoeh pikeun bapa tani-leutik kadjadianana meh oenggal taoen (terugkeeren), ngan dina taoen ieu rada aja langkoengna, roepa-roepa sababna, ka toeroeg-toeroeg pakoelian rea koerangna.

Pametakeun sareng taki-takina noe djadi bestuur henteu kirang-kirang, boh koe samenwerking sareng ondernemingen atanapi Boschwezen, boh koe pertoeloenganana Regentschapswerken atanapi ngagoenakeun weerstandsfonds etc.

Beuki tebih karisi menggah kanggo di Tjiandjoer, lantaran ajeuna di sababaraha tempat, saperti di Maleber, Seladjambe, Tjilakoe nja kitoe deui di Sarampad, Talaga (bawahan Tjoegenang) sareng Boenikasih (bawahan Waroengkondang) parantos noengtoetan dibaroeat.

Paramaos tangtos moal bireuk koemaha kahardjaan di pilemboeran dina oesoem panen, sanaos henteu sadaja djelema garadoeh sawah.

Moegi-moegi koe djalan ieu *serat kiriman* timboel deui kareugreugan manah, beh dieuna djoeragan Hoofdredacteur Sip, djembarna manah para maos sadajana, jen di Tjiandjoer waktos-waktos ieu henteu aja *vrees* pikeun *bahaja kalaparan*. Eta kareugreugan manah didadasaran:

1. Koe kaajan anoe kasebat di loehoer,

2. koe kapertjantenan ka noe njepeng leiding pamarentahan, anoe njaahna ka abdi leutik moal kawon koe noe sanes.

Tjiandjoer, 28 Febr. 1935

Salam hoermat sim koering,
(ditanda) *Moehamad Koerdi*

# Ngobrol wengi Ahad

## Katjintaan noe mimiti sok tara bisa diganti.

Koe: *N. ASIDAH.*

Noe kaseboet di loehoer, koe sawareh mah bisa djadi disareboet bohong, lantaran boh koe atjanna ngalakonan atawa enja oge geus ngalakon, tapi henteu keuna koe tjinta noe saenjana.

Palebah dinja koering henteu rek papandjangan lantaran mpeng goeh djelema tea henteu saroea, ngan ieu mah rek njaritakeun noe geus kalakon koe koering sorangan nepi ka wajah kiwari. Malah satadina mah koering oge henteu pertjaja, tapi koe lantaran geus nepi ka ajeuna weleh teu daek leungit, keukeuh napel bae di na hate koering, tetela jen noe kaseboet di loehoer teh, enja.

Paingan atoeh babatoeran koering sok mindeng njareboetkeun kieu baheula: *„Eerste liefde roest niet"*.

Ari lalakon koering tea, kieu:

Waktoe koering sakola keneh nja eta di H.I.S., moen teu salah mah harita teh geus kelas genep, tjitjing henteu di kolot sorangan tapi di „in de kost"-keun di salah sahidji paman.

Ari tadina mah koering oge djeung kolot, tapi koe lantaran dipangsioen, sarta teroes masisiam nja kapaksa ninggalkeun maneh nja eta di paman noe geus kaseboet di loehoer tea.

Poegoeh ~~ari mimiti~~ mah ngarasa teu betah, tapi laoen-laoen mah nja asa di imah sorangan bae.

Kira-kira tiloe boelan ti saeng geusna koering tjitjing di dinja, ngadenge bedja jen bakal aja noe „in de kost" deui, saimah djeung koering.

Satadina mah, katjida atohna soegan teh pibatoereun koering tea awewe, naha ana pek teh geuning lalaki.

Keur koering, katjida matak horeamna lantaran saoemoer oge atjan ngarasa saimah djeung lalaki, tapi teu bisa koemaha.

Ari sakolana manehna teh harita di Mulo, malah geus kelas tiloe, rek namatkeun, engkena tje nah rek teroes ka sakola menak.

Tah, koe sabab kitoe, dina saminggoe-doea minggoe mah, koering djeung manehna tara pisan daek ngomong, sok soemawonna ngobrol mah, tjara batoer saimah tea.

Ari pangpangna mah koeringna noe katjida erana.

Hidji mangsa *Amir* — kitoe ngaranna manehna teh — boeboehan saimah tea, ngawawoehan., nja toengtoengna mah djadi wawoeh, tapi wawoeh oge istoening wawoeh kitoe bae, sok daek ngomong, ari oebral-obrol mah tara, lantaran teu meunang koe noe djadi bibi, tjenah haram.

Heuleur doea boelan ti harita rarasaan koering ka kang Amir beda pisan djeung waktoe ka toe kang-toekang.

Noe baheula tara hajang papanggih teh, ajeuna mah make sok leungiteun sagala, krimo lamoen manehna sapowe djepoet euweuh di imah, rarasaan teh mani teu poegoeh, sok sieun manehna meunang katjilakaan atawa koe maha bae.

Ari manehna aja di imah mah koering sok gede hate, digawe resep, pendekna mah, kana sagala oge resep.

Ari peuting, noe biasana sok sare sore-sore, harita mah tara daekeun reup, sanadjan dipeureumpeureumkeun oge, keukeuh beunta bae. Ari noe djadi lantaran, nja eta inget bae ka kang Amir, koe sok hajang bisa ngobrol padoedoeaan. Padahal teu koedoe inget saenjana mah, da saimah tea, tapi doeka koemaha, koe koering sorangan oge keukeuh teu kaharti.

Sok mindeng koering boga pikiran kieu: „Euh meureun aing keuna koe „Liefde" noe matak kieu oge", sok toeloej mikiran, koe maha lamoen itoena teu daekeun.

Ah, keun bae, tjeuk dina hate, da geuning dina boekoe oge aja toelisan: Pangloehoengna mah lain dipitjinta, tapi mikatjinta.

Tah, koe ajana ieu teh, hate koering sok tefeg oge, tara pati djadi pikiran teuing.

Katjaritakeun dina boelan December.

Sakoemaha biasa dina boelan eta, sakabeh sakolaan sok dibere pakantji saminggoe.

Keur kalolobaanana baroedak, ari dibere pere teh, katjida matak boengahna, sabab nja eta: kahidji henteu koedoe ngapalkeun, kadoeana keur noe „in de kost" mah, eta teh minangka waktoena keur manggiham kolot.

Keur koering oge, nja kitoe pisan satadina mah, tapi dina waktoe harita, djadi beda, malah lamoen meunang rekes mah, hajang oelah aja eta pakantji teh.

Lain pedah koering djadi resep kana sakola, tapi eta lantaran koering papisah djeung noe dipikatjinta tea.

Piisoekaneun balik, kang Amir ka koering njarita, jen manehna sadatangna ka lemboer baris njoeratan ka koering.

Atoeh barang ngadenge oge katjida koering atohna, sarta diwalon, lamoen enja, koering oge tangtoe njoeratan deui.

Isoekna, isoek-isoek keneh koering geus indit ka lemboer kolot koering, sarta kang Amir oge powe harita keneh, ngan pasosorena.

Tjitjing di lemboer noe biasana betah lantaran di kolot sorangan, waktoe harita mah doeka koemaha, hate teh ngan hajang geura enggeus beak waktoena pakantji teh, hajang geura papanggih djeung kang Amir.

Geus doea powe koering aja di kolot, tapi soerat noe did gogo, tatjan datang keneh bae.

Katiloe powena keur waktoe koering aja di hareup, bari matja boekoe, djol pasoeratan mikeun soerat.

Barang ditingal afzenderna, bet letter „A.". Tetela eta soerat ti kang Amir, da „A." teh meureun pondokna tina Amir.

Kalawan hate ratoeg djeung leungeun ngadegdeg, eta soerat teh teroes diboeka, noe eusina katjida matak atohna ka koering, nja eta pondokna mah njaritakeun jen manehna teh katjida tjintana ka koering.

Kaatohan koering dina waktoe harita djigana moal aja babandinganana deui, da tjatjakan bisa hiber mah, meureun harita keneh oge teroes indit ka noe njieunna eta soerat, rek ngabedjakeun kaboengahan.

Powe harita keneh teroes njieun walonanana, noe di ka postkeun koe koering sorangan, lantaran lamoer, nitahan boedjang mah sok sieun kanjahoan koe kolot koering; leuh meureun moal meunang balik deui, sok koma teroes tjitjing mah.

Pakantji tinggal doea powe deui, tapi rarasaan teh mani doea taoen koe hajang-hajangna geur indit ti lemboer.

Dina pikiran koering, ajeuna mah meureun moal era deui, da geus sahate.

Dina powe Minggoe koering balik ka paman noe ditjitjingan tea, sadatangna noe koe koering ditanjakeun teh, nja eta kang Amir, tapi katjida koering ngahelasna, barang ditembalan jen manehna moal bisa balik gantjang-gantjang lantaran gering pajah, malah teu bisaeun leumpang-leumpang atjan.

Adoeh, hanas hajang geur gok geura gok bae koe angkanan koering mah, tapi ari datang bet meunang bedja kitoe; lamoen njaho pikitoeeun mah, koering moal waka balik, kadjeung tjitjing bae heula di lemboer, gegeringan.

Sapowe eta koering gawe teh ngan tjeurik bae, tapi ari hareupeun paman djeung bibi koering mah teu ditembongkeun eta kasedihan teh, sabab era.

Isoekna, getret koering njieun soerat keur ka kang Amir, soegan djeung soegan koe nampana soerat ti koering bisa tereh tjageur.

Geus saminggoe koering sakola noe didagoan tatjan datang keneh bae. Rarasaan mani karareueung, sok sieun toetoeloejan nepi ka teu balik deui.

Oepama enja teh teu balik deui, pisakoemahaeun teuing meureun koering di doenja ditinggalkeun koe noe dipikatjinta.

Eta sangkaan kitoe teh, henteu salah saeutik-eutik atjan.

Dina hidji powe waktoe koering balik ti sakola, di hareupeun medja pinoeh koe boekoe-boekoe, ari dideukeutan, eta teh boekoena kang Amir kabeh.

Gantjang koering loempat ka djero enangan embi koering, jen rek nanjakeun, naon sababna eta boekoe-boekoe tea dikaloear-loearkeun!

Barang koe koering ditanjakeun, tembalna teh eta boekoe kabeh oge koedoe dipoelangkeun ka sakolana, tapi henteu dibedjakeun naon sababna mah, ngan sok bae mikeun soerat noe ti bapana anoe djadi boeah ati koering.

Naha atoeh, ari dibatja, geuning kang Amir teh......... tilar doenja, ninggalkeun koering di alam kalanggengan.

Geus teu bisa nahan deui, tjoe roetjoed tjimata koering kaloear, noe karasana panas pisan, rarasaan teu poegoeh, djeung tetendjoan koering pararowek............

Leng bae koering teu inget di alam doenja.

Ari inget deui, bet geus diriqeng koe paman djeung bibi koering, oge rea deui noe sedjenna.

Isoekna kolot koering daratang sarta teroes ngaroepahan sangkan tjageur djeung soepaja koering oelah inget deui ka noe geus teu aja dikieuna.

Koe sabab ingetan djeung pikiran koering kaganggoe koe eta hal tea koering teh harita keneh balaka bae, jen teu sanggoep neroeskeun deui sakolana, lantaran teu kataksir bisa diadjar deui saperti noe enggeus-enggeus.

Sanadjan diteroeskeun oge sakola, koe ingetan koering, woengkoel mitjeunan doeit teu poegoeh poegoeh.

Koe lantaran kaajaan koering kitoe tea, koe kolot koering kaidinan, teroes menta kaloear ti sakola, sarta isoekna miloe balik ka lemboer koering.

Salilana tjitjing di lemboer koering henteu pisan manggih kasenangan, ti batan pinanggih kaboengahan mah, kalah ka beuki teu poegoeh bae rarasaan teh.

Kira-kira geus meunang tiloe boelan, koering dikawinkeun koe kolot koering, ka hidji Commies, tapi henteu ari kalawan dipaksa mah, istoening karep sorangan bae.

Koe pikiran koering, satadina mah soesoeganan, hate koering bisa tjageur, tapi weleh nepi ka kiwari, geus koerang leuwih opat taoen, teu daekeun hade bae, keukeuh inget bae ka noe geus euweuh dikieuna, noe dipitjinta koe koering pangheulana.

Padahal lamoen diinget-inget koe koering, koedoe senangna teh, sabab boga salaki bageur, toer njaaheun pisan ka koering, ngan nja eta atoeh......... ampir saban peuting koering teh ngimpi babarengan djeung noe geus maot bae............

Tah, kitoe sabab-sababna anoe matak koering bisa njeboetkeun jen „Tjinta mimiti sok tara bisa diganti" ; noe tjeuk basa Walanda tea mah: *Eerste liefde roest niet.*

# Djoeal beuli

### Pasar beas di Batawi.

Batawi 28 Februari 1935. (Ti Makelaarskantoor Wesseink & Dijkhuis):

| | p. p. |
|---|---|
| Saigon: Longgrain franco parahoe Batawi ditawarkeun | „ f 3.87½ |
| Japan kwaliteit franco Batawi ditawarkeun | „ 3.80 |
| Bangkok: A I. Speciaal fr. prahoe Batawi ditawarkeun | f 3,65 |
| Bangkok: Ketan no. 1 e. k. Batawi nom. | „ 4,40 |
| Ketan no. 2 e.k. Batawi nom. | „ 4,30 |
| Rangoen Sloka fr. prhoe Batawi ditawarkeun | „ 3,77½ |

Krawang: fr. wagon Krawanglija: (noeroetkeun kwaliteit djeung tempat ngirimkeun):

| | | |
|---|---|---|
| Peupeus koelit boeloe, Feb. Mrt. nom. | f 4,05 | „ 4.10 |
| Moerag Boeloe, Jan. nom. | f4.25 | „ 4,30 |
| Huller Boeloe, Feb.Mr. nom. | 4,50 | „ 4.55 |
| Slijp Boeloe, Feb. Mr, nom. | f 4,70 | „ 4.75 |
| Slijp Boeloe, Feb. Mrt. nom | 4,65 | „ 4,75 |
| Peupeus Koelit Tjere, Feb. Mrt. nom. | f 3.90 | „ 3,95 |
| Moerag Tjere, Febr. Mrt. nom. | f 4,05 | „ 4.10 |
| Huller Tjere, Febr.Mrt. nom. | 4.20 | „ 4,25 |

Tjigombong: franco vrachtauto P: Senen:

| | |
|---|---|
| Beas Machine No 1. Mrt. ditawarkeun | „ 5.25 |
| Beas Kapala P.M. Mrt. ditawarkeun | „ 6,25 |

Gadok: fr. vrachtauto Pasar Senen:

| | |
|---|---|
| beas kapala T.B.K., Mrt. ditawarkeun | f 5,30 |

Tjiandjoer: franco wagon Tjiandjoer:

| | p. p. |
|---|---|
| Slijp Boeloe Kapala, prompt ditawarkeun | f 4,90 |
| Slijp Boeloe No 1, ditrpomptwarkeun | „ 5,90 |

Boemiajoe: fr. wag. Boemiajoe

| | |
|---|---|
| Slijp Boele Hmax 30 pCt. Frbr./1e h. Mrt. ditawarkeun | „ 4,40 |
| Beas kapala LHH max. 25 pCt, Febr. 1e h. Maart di tawarkeun | „ 4,20 |

### HARGA-HARGA PARE.

| | |
|---|---|
| Diwewengkon Krawang: | |
| Pare boeloe | „ 2.10 |
| Pare Tjere | „ 2.50 |
| Diwewengkon Tjikampek: | |
| Pare Boeloe | „ 2.40 |
| Diwewengkon Tjigombong | |
| Pare Boeloe | „ 2.50 |

### Harga beas di soedagar leutik di Batawi

| | p. p. |
|---|---|
| Ketan Bangkok | f 4.90 |
| Ketan Java | f 4.50 |
| Longgroin | f 4.25 |
| Beas kapala Tjiandjoer | f 6.50 |
| Beas Machine Tjiandjoer | f 5.50 |
| Slijp boeloe Krawang | f 5.20 |
| Huller boeloe Krawang | f 4.90 |
| HullerTjere Krawang | f 4.60 |

### Pasar Betawi.

Kaajaan pasar kamari djeung mangkoekna, ngan aja kadjadian saoetak-saeutik bae sedeng harga harga djadi maroerah deui, ngan aja sawatara barang noe mahalnja eta di Europa djeung Amerika aja meueusan.

**Tipoeng tarigoe**: Harga na masih tetep, pasarna tetep.

**Minjak kalapa**: hargana tetep pasarna oge saperti biasa.

**Citronella**: Hargana masih tjan robah, pasarna ngan aja kadjadian seutik bae. Contract A. lev; sadia keur Januari reudjeung Febr. Mrt. nom. f0.72 lev. April—Juni f 0,73, lev Juli-Sep. f 0,75 djeung lev. Juli-Dec. tawaran noe meuli f 76, noe ngadjoeal nahan f 0,77, sedeng lev. Jan. Dec. 1936 aja noe ngadjoeal f 0,84, tapi panawaran noe meuli atjan aja.

**Copra**: Pasarna masih keneh tetep hargana oge tetep sakoemaha biasa.

**Goela**: Harga tetep, pasarna teu aja robahna, noe sadia hargana f 5,25. + f 5,30

**Rubber**: Pasarna masih tjan aja kadjadian, tapi hargana aja meueusan. Standard Sheets reudjeung Standard Crepe lev Febr. noe meuli nawar f 0,18⁵⁄₁₆, sawaktoe ajeuna noe ngadjoeal euweuh.

**Pedes hideung Lampoeng** Kamari ngan aja meueusan noe djadi sadia partij leutik harga f11.50. Teloekbetoeng lev. Maart-April aja djadi f10.75 Powe ieu atjan noteering. D. dieu hargana ampir euweuh robahna, djeung pasarna sepi henteu aja noe djadi, lev. Maart atawa Maart-April tawaran f11 sedeng noe ngadjoeal nahan f 11,50.

**Pedes bodas**: pasarna sepi pisan sedeng hargana oge tetep Lev. Maart nom. f 29.

**Koffie Robusta Palembang**: Hargana masih atjan robah, masih tetep. Noe sadia djeung Febr. Maart nom. f 9,30 noe sadia noe roetkeun kwaliteit harga f9 reudjeung f 10,50.

**Minjak tanah**: Hargana masih tetep.

**Atji sampeu**: Pasarna tjan aja.

**Katjang kadele**: Harga na masih tetep, pasarna saperti biasa. Noe sadia harga f 4,90 djeung f 5.—


Sloffen & Schoenen

Reparatie Atelier

**DE NIEUWE BAZAAR**

v/h Toko PANAMA

Pasar Baroe 102A. Telef. 479.

Bengkel slop sareng sapatoe noe parantos lami kawentar sakota Bandoeng, kiat damelanana, sae roepina, raos dianggona sareng mirah pangaosna. Oge salamina nampi kengkenan nga-half zool sareng ngagentos zool, tanggel sapertos anjar deui, ongkos kalintang mirahna.

No. 1655.

— WASIR —

AAMBEIEN — ASTHMA

Kasehatan badan lebih berharga dari harta banda kita Djangan poetoes pengharepan, TABIB JACOB toch bisa toeloeng.

Pemberian tahoe!

Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A.B.C.-straat 12A Bandoeng dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehken segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) saperti: Ambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c. Ezceem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa), prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa poetihan. Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra, Dysenterie dan semoea penjakit lainnja. Bisa didapet roepa² obat koeat boeat orang lelaki Bisa semboehken segala roepa penjakit dari saja poenja obat jang terbikin dari akar², daon-daon dan boeah-boeah, sebab saja soedah bertahoen-tahoenan ada practyk, dan saja soeka dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep mengirim Bestelgoed Rembours.

Memoedjiken dengen hormat, **TABIB JACOB**
A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091

TEUBRCULOSE T. B. C.

**Pasoendan!**

**Tanah PASOENDAN! Oerang PASOENDAN! di poeseurna**

TANAH PASOENDAN (BANDOENG)

Atikanana oge tangtos kedah nganggo dadasar atikan KAPASOENDANAN.

Tah, sakola anoe njoemponan kana kapalaj teh nja eta anawi:

**H. I. S. PASOENDAN**

Poengkoerweg No. 12.

a. Basa Walanda ti vóórklas keneh soemawonten di kl. 1 mah.
b. Lebet kana lijst sakola² anoe gadoeh hak kana atoeran kindertoelage.
c. Goeroena sadaja bevoegd.
d. Bajaranana mirah.
e. Kapalana djoeragan Karta Brata, moal aja noe bireuk.

Mangga lebetkeun poetra teh ka sakola „H. I S. Pasoendan"

Nampi pimoerideun di oenggal oenggal kelas.

**Bestruur Pagoejoeban „PASOENDAN" Tjabang** Bandoeng.

HINDOE TABIB **T. Mohamad**

Katja² Wetan (pajoeneun Pasar Kosambi No. 278, Bandoeng

ARTOS TIASA WANGSOEL DEUI, MOEN PANJAKIT TEU POELIH!

Specialist kangge Peloeh (Impotentie) sareng pikeun Wasir (Ambeien).

No. 1 Peloeh (Impotentie), No. 2 Wasir (Ambeien), No. 3 Noe disebat Kentjing nanah (Genouria), No. 4 Pehong, sadaja ieu panjakit² noe geus kasebat koe pribados ditanggel tjageur dina 15 dinten bebas. Oepama njoledat artos wangsoel. Oge tiasa ngoebaran roepi roepi panjakit, kajaning Kentjing manis, (rheumatiek) njeri linoe-linoe (badan mati separo), njeri mata, Batoek ngekreh, atanapi batoek kering (Asthma), njaeri eungap. Nja kitoe deui panjakit „koneng" (kepoetihan, njeri hoentoe, Biri-biri djeung panjakit rodek d.s.t.

**Istri-istri noe teu tiasa bobot sim koering tiasa ngoebaran.**

Roemah obat sadidinten diboeka ti pk. 8 isoek nepi ka pk. 8 wengi. Obat-obat tiasa dikintoen koe rembours.

**WORLD PARADISE OIL** saroepi obat pelesir kangge pameget. Pangaos 5 gr. f 1.— anoe 10 gr. f 1.75.

81

Bykantoor **N. H. A KHAN** Handelsstraat 154 Buitenzorg

*Aos sing doegi ka toetoegna s. kabar Soenda*

**SIPATAHOENAN**

WASIR

AMBEIEN

Panjawat wasir anoe kaloearan getih atanapi henteu ditanggel tiasa sae dilandongan lebet 15 dinten kalajan zonder di operatie (dibelek).

Oge panjawat: Asthma, gohgoj ngaloearkeun getih, atanapi kosong, medjen, panjawat istri, kentjing manis, panjawat toelang, seueul angen, kepoetian (pikthay), pameget anoe kirang kakiatanana (peloeh) sareng sadjabina. Saneskanten panjawat dilandongan doegi ka sae pisan zonder operatie tea.

Moegi djoeragan - djoeragan kersa njobi koe andjeun bae. Pangaos landong-landong direken noe pantes katjida

Noe ngadjeng-ngadjeng, kalajan hormat
Ch. Hardir Tabib

51 Soeniaradjaweg 8A – Tel. 1664 – Bandoeng

N.B. Landong-landong tiasa dikintoen kalajan Rembours

# Raad Agama.

*PANEMBRONG TRIC.*

Paribasa: Edan Rantjakalong, parantos ilahar di Soemedang mah, malah ajeuna, tiasa djadi parantos njaliara ka satanah Pasoendan.

Nanging asal-moeasalna, pertjanten teu atjan pati aroeninga.

Noemoetkeun katerangan hidji terah Soemedang noe parantos ngambah ka dinja, kieu saoerna:

Djaman kapoengkoer oerang Rantjakalong teh resep ngadji el moe kalahiran, tjara wedoek Karang.

Oepama di lemboer eta, aja papaseaan - patjogregan djeung batoerna salemboer, sanadjan perkara loetak-leutik oge, sakoer lalaki noe geus sawawa, soemawonna kolot-kolot mah, kalaloear ka boeroean, sagobangna-sabedogna. Toeloej tjoek-tjek silih kadek, silih todjos koe pakarang, lir lakoe noe teu areling, alias edan.

Ngan eta peta kitoe teh, teu matak naon-naon, da poegoeh sarerea pada teu teurak koe pakarang.

Nja radjeun aja hidji-hidjieun noe teu atjan lepoes elmoena, teu atjan gentoer tapana, dewang tarangna, atawa raheut leungeunna, tapi saharita keneh dioesap koe saehoena, dadak sakala waloeja deui.

Ajeuna ngan kantoen ngaran, tempatna lemboer Rantjakalong teu intjah balilahan, ngan noe waredoek tjara kapoengkoer parantos teu aja. Pitoein oerang Rantjakalong kari saeutik deui, lantaran parantos maraot.

Priboemina oerang Rantjakalong ajeuna meh boeniaga woengkoel. Djati kasilih koe djoenti...
...........

Panoehoen ka noe maraos, moega djisim koering oelah disambaroetkeun ka oerang Rantjakalong tea, kena-kena dina Sip. aja noe oeplek papadoean bab RAAD AGAMA, djoeragan D.K.A. sareng djoeragan S.S. Palangsiang kabarerang ti kentja katoehoe.

Tapi keuna bae, da aja keneh opat djihat deui, toekang - hareup loehoer - handap, djaba noe di tengah mah noe sok waspada kana kitjeup batoer.

Sanes bade nembongkeun wewesen atanapi medarkeun djadjaten, nanging bade nganoehoenkeun ka doeanana. Bet andjeunna ariasa ngiroet batoer, dongkap ka djisim koering noe ngaraos parantos toengkoel ka pajoel, unggah ka sadapan, kapelet, tawis bade ngiring belangstelling, roemaksa kana poesaka, ngoeroes toetoeng koesan karoehoen. Bisi leungit atanapi tjamplang sapertos pangaweroeh kasakten oerang Rantjakalong tea.

Lantaran matja Sip. bab RAAD AGAMA noe dialoeng-bojongkeun koe djoerangan D.K.A. sareng djoeragan S.S., djisim koering mah, nembe ajeuna pisan terang: nembe ajeuna pisan ngoeping.

• Karah kitoe ari di PAKAOEMAN?

Ma'loem djisim koering mah djelema doesoen, toer djaoeh ka bedoeg, tjarang ngalanglang nagara.

Nanging sakitoe deui, nja oerang tjoba-tjoba bae diadjar motjel-motjel PAKAOEMAN, da kana motjelan djagong mah tabah ti boeboedak, oebar ngangngoer bari leumpang.

Edas! noe pareboet bener pada riboet. Anoe kasedekeun, pada njeuneu, pada rieut. Noe laladjo pasedek-sedek, hajang deukeut, hajang awas. Tapi ari pek teh di tanja, naon anoe diparoeboetkeun?

Doeka!!! Ngan resep bae!!!

Salha noe oentoeng?

Noe oentoeng mah: d e w e k bae!!! Djongdjon ngahenen, ngadedempes ngadedengekeun. Kerekes-kerekes kaes opak oelen. Sakapeung mah njonjoo ketan reudjeung keton, Inohong di imah gedong, dideuheusan dikepetan.

Djagangna keur oerang, djagongna keur batoer!!

Sapeuting djepoet njonjoo koetjing djeung matjan, kalah ka sakoe mani medok, noe boentjir mah noe moengoet tong.........., Sarerea hoemandeuar.

Ajeuna kakara rada kaharti, koe roeket goeletna, silih soetjeng, silih soedoekna djoeragan D.K.A. contra djoeragan S.S., PAKAOEMAN meh ebreh tambagana, moen tambaga tea mah. Moen emas, meh etjes hoeroeng mantjoerna kantjana.

Ana prak didjoemblahkeun, diratjik dipasing-pasing soegrining katerangan noe aja dina Sip. teh, gorehel katingal koe tasma noe ilahar:

a. Ajeuna teh „aja" Qodli Sjar'i boektina nja PANGHOELOE, kokotjoran Qodli Sjar'i noe baheula. noe baheulana mah gagah perkosa, toer sembada.

Komarana ngaroengkoep lemboer, ngaraksa nagara sakoemna.

Ajeuna tinggal boetitina, djoemarigdjeug koendang iteuk, soesah ngalengkah lamoen teu ditoengtoen batoer.

Kadempet koe tangkal adat, koedoe rempoeg djeung noe noengtoen. Nadjan kitoe, saajeuna mah ridjkina malangmoelintang. Kasenangan pilih tanding. Kahormatan ngadeg sorangan.

b. Ajeuna teh „ t e u a j a " Qodli Sjar'i, noe aja ngan PANGHOELOE. Seke-seler Qodli Sjar'i noe baheula noe gagah perkosa tea......... enz..........

c. Koemaha ari Qodli Sjar'i noe baheula?

Noe baheula mah, geus teu aja dikieuna. Noe kari, ngan toetoelisanana koe aksara Arab: kitoe oge ka beh dieunakeun mah, geus robah toetoelisan (tjatetanana) teh digantí koe aksara Latyn. Ngagampangkeun noe mariksa! Ari eusina tjatetan noe ajeuna, baba koena hal foeloes. Sabab ngan eta noe pangmoendelna, maha la mahaioe. Matak goedjroed salelemboer, matak ear sadjadiagar. Woengkoel mareboetkeun gambar......... Paingan atoeh koe Nabi s.a.w. mah gambar teh diharamkeun!!!

Pantjerewedan datang tina akar doeit. Kamoeljaan djol tina kesang doeit. Naon noe sabehditoeeun doeit???

Teu weleh moedji ka djoeragan D.K.A. sareng djoeragan S.S., koe ariasa nakis mitjeun salasah. Istoening sami tjepetna.

Oenggoel doeanana!

Andjeunna teh siga noe pasea. Siga noe padoe paoenggoel-oenggoel. Tapi karinget doeanana, saeroepoet-saeroepoet teh dioejoe pan koe oemoem, mani beresih teu aja oeroetna. Da katingalna koe djisim koering mah, lebah Qodli Sjar'i teh saroea pisan.

Tangtoengan doeanana lir oepama djoeroe tiloe. Ti djoeragan D.K.A. tjondong ka Wetan, ti djoeragan S.S. tjondong ka Koelon, isoek djaganing pageto tangtos amprok. Da poegoeh doeanana oge henteu aja noe 100 pCt. gembleng ajana atawa euweuhna.

*(Samboengeun).*


— INDIAN KRUIDEN MEDICIJNEN —

**MUSLIM TABIB A.B. YUNANI**

Oude Kerkhofweg (Bantjeuj) 56. maeka Pasar Loak baroe, Bandoeng

**Specialist aambeien (wasir) ampotency (peloe) zonder operatie.**

Ditanggel 12 dinten tiasa sae, zonder operatie sareng zonder dibeuleum, sareng deui tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat loear sareng dilebet, noe parantos lami atanapi teu atjan lami. Sinarengan istri noe teu tiasa b o b o t, tiasa oge dilandongan, soepados tiasa djadi bobot.

**World Paradise oil** 72

N.B. Sareng njajagikeun saroepi landong, kanggo pameget doepi pangaosna noe 5 gram f 1.— noe 10 gram f 1,75. Poeder Himalaja anggoeun para istri, pangaos 5 gram f 1.- anoe 10 gram f 1,75

Landong-landong tiasa dikintoen Rembours,

DJAM BITJARA: Taboeh 8 siang dongkap ka taboeh 8 wengi.


## Pag. Sagawe

### Versalg Onderwijzersvergadering.

*(Samboengan Sip. kamari).*

2. Dina seep contract anoe 5 taoen teh, seueur pisan lid B.P.G. anoe masrahkeun simpenanana kangge majar sambetan, malah aja oge anoe ladjeng kaloear tina lid djalaran liren tina padamelan (wachtgeld) sareng ngalih ka regentschap sanes.

Koe ajana kadjantenan anoe saroepi kitoe, anoe djadi Bestuur parantos teu tiasa ngihtiaran deui djalaran katingal karepotanana, asal nampi gembleng, ajeuna moeng nampi satengahna. Atoeh pamoendoetna teh ladjeng bae di tjoemponan, sakoemaha kapalajna anoe kagoengan pamoendoet.

3. Bestuur bade njoehoenkeun panerangan ka para djoeragan sadaja, tina perkawis leden B.P.G. anoe karagoengan toenggakan, akal sareng narekah naon anoe kedah didjalankeun koe Bestuur sakoemna ka leden anoe saroepi kitoe? Manawi para djoeragan aja noe kagoengan bongbolongan anoe gampil didjalankeunana koe Bestuur sinareng beres roës, ngeunaan paribasa „tjaina herang, laoekna beunang".

Para leden B.P.G. teu aja noe maparin bongbolongan, moeng aja saoerang lid (djoeragan Wigena Prawira) ngadeg: ladjeng njarios:

„Sim koering kalajan asmana para leden sadaja tina perkawis ieu njanggakeun kana beleidna Bestuur, djalaran Bestuur langkoeng oeninga kana seloek-beloekna."

Gempoengan moetoeskeun, jen sadajana moepakat kana kasaoeran djoeragan Wigena Prawira, perkawis anoe kasebat di loehoer teh njanggakeun kana „beleid Bestuur".

4. Bestuur nampi serat ti djoeragan Mej. Entjih lid B.P.G. di Tasikmalaja, ti djoeragan Sastraprawira lid B.P.G. di Pasirkalang, sareng ti djoeragan Rd. Wiraatmadja idem di Tjililin (ieu mah koe mondeling), njarioskeun jen arandjeunna moal tiasa ngaloeoehan Alg. ledenvergadering B.P.G. dinten ieu djalaran tebih perdjalanan, kalih perkawis arandjeunna njanggakeun kawiloedjengan ka Bestuur B.P.G. sakoemna, miwah ka para djoeragan sadaja, sareng kana sanis-kanten anoe dibadantenkeun dina ieu gempoengan, arandjeunna bade toemoet kana setem anoe seueur.

5. Serat ti Bestuur Crediet Cooperatie (C.C.V.O.) di Priangan Wetan, maksadna eta serat ngiring bingah sarehna B.P.G. noemoetkeun Jaarverslagna anoe aja dina Sipatahoenan No. 6 - 7 lambaran II teu kinten madjengna oepami dibandingkeun sareng Credit Cooperatie anoe ditjepeng koe arandjeunna.

Sareng arandjeunna njanggakeun kawiloedjengan kana ieu gempoengan, rehing B.P.G. ngadegna parantos djedjeg 5 taoen.

6. Serat ti Bestuur Credit Cooperatie B.P.S. di Priangan-Wetan keneh.

Serat ieu oge maksadna sami bae sareng serat ti Bestuur Credit Cooperatie C.C.V.O.

Nja eta „njanggakeun kawiloedjengan ka B.P.G. ngadeg lima taoen.

Moeng dina serat ieu mah diwoewoehan deui koe enz. enz. enz. ka Bestuur.

7. Perkawis serat circulaire anoe karagoengan toenggakan sambetan ka B.P.G. Verslagna bade ditjarioskeun koe Commissaris B.P.G. djoeragan E. Sanoesi.

Moeng sakitoe para djoeragan wartos-wartos ti Bestuur teh.

BELEID BESTUUR.

Roepi-roepi akal, roepi-roepi tarekah anoe didjalankeun koe Bestuur enggoning ngamoedi B.P.G. Bestuur teh henteu weleh-weleh ihtiar kalajan metakeun daja-oepaja sapapaosna, soepados B.P.G. tetep ngadegna kalajan kawiloedjengan, tjek paripaos tea mah, genteng-genteng oge oelah doegi ka potong, djalaran B.P.G. majoenan moesim tigerat anoe sakieu hebatna.

Namoeng sanaos Bestuur soson-soson oge metakeun akal tarekah bet aja bae hidji-hidjieun anoe mengpar, dilantarankeun koe hebat-hebatna moesim tigerat.

Saneskanten akal tarekah Bestuur ditjatet, doegi ka djadi hidji verslag anoe teu kinten pandjangna. Malah eta verslag teh bade dipintonkeun koe djoeragan E. Sanoesi ka para djoeragan sadaja.

Gempoengan ngawagel, jen eta verslag teu kedah dipintonkeun (diaos) deui djalaran para leden sadaja parantos terang akal tarekahna Bestuur sareng eusina eta verslag, tina serat circulair ti bestuur anoe dikintoenkeun ka masing-masing lid.

Djoeragan voorzitter ngatrokkeun paloe noetoep agenda 6 (belied bestuur) bari sakalian bade morosotkeun ka-voorzitteranana, djalaran bade nintjak kana agenda 7 (pilihan bestuur).

Djoeragan voorzitter nembe bade ngadeg, parantos tjangtjoeng para leden anoe njoehoenkeun widi bade njarios, nja eta:

Djoeragan-djoeragan Tirtawidjaja, Sastraatmadja, Sastrasasmita, sareng Soekartaatmadja.

Djoeragan Tirtawidjaja, wakit nganoehoenkeun kana djasa-djasana Bestuur sareng kana djasana B.P.G. sarehna andjeunna parantos ngitjip-ngitjip boeahna B.P.G., nja eta: parantos ditoeloeng koe B.P.G. koe maparin tamboetan artos langkoeng tina simpenanana, sarta eta teh aja boeahna djadi satempat tanah pikeboneun.

Teras andjeunna njarioskeun hal kaajaan salirana koe andjeun dibanding-banding nalika keur djoemeneng Mantri Goeroe sareng ajeuna saparantos diwachtgeld.

Wachtgeld teh aja doea roepi, saoerna: nja eta wahel riba sareng wahel soetji.

Anoe disebat wahel riba nja eta anoe diwahel seueur barangna, doepi wahel soetji, anoe diwahelna beresih teu gadoeh naon-naon

Sim koering oge, saoerna, kalebet kana wahel soetji, margi noe loentoe teu gadoeh naon-naon.

Kapoengkoer mah sim koering nalika nampi serat wahel, ngarasa djadi djelema pangtjilaka-tjilakana, sarehna emoet kana oemeseun anoe sakitoe seueurna, tangtos bakal kakirangan, namoeng ajeuna mah henteu, djalaran sim koering diwahel teh parantos tjoendoek ka waktoe dongkap ka mangsa, tjiri wantji seseratan ti Lohmahpoed.

Andjeunna njarioskeun deui jen ajeuna parantos kagoengan napakah aalitan kangge ngawoewoehan wahel saeutik-eutikeun, nja eta ngadamel ketjap.

Kapoengkoer, saoerna, nalika djoemeneng Mantri goeroe, anoe njarebat teh djoeragan Mantri goeroe Mester, doepi ajeuna nja rebatna djoeragan Mantri goeroe ketjap.

Saparantos sasaoeran andjeunna pamitan ka sadajana sarehna bade ngantoenkeun B.P.G. sawatawis waktos, tjek paripaos tea mah oendoer katingali poendoek, dongkap katingali tarang. Engke oepami parantos merenah bade lebet deui djanten elid.

Djoeragan Adviseur sareng djoeragan voorzitter nganoehoenkeun kana djasa-djasa andjeunna anoe parantos toemiba ka B.P.G. sarehna andjeunna lid anoe satia sareng hidji leider anoe teu kinten actiefna.

Ajeuna kagiliran njarios teh djoeragan Sastraatmadja:

Andjeunna oge pamitan, sarehna bade liren tina lid Bestuur sareng tina lid B.P.G. maksad bade niiskeun salira ngaheningkeun manah sadjeroning wahel.

Djoeragan Sastrasasmita oge sasaoeranana sapertos djoeragan Sastraatmadja, njoehoenkeun liren tina lid sareng tina leider B.P.G.

Djoeragan Soekartaatmadja oge idem, njoehoenkeun liren tina lid B.P.G. sarehna ngaraos tebih teuing, djalaran andjeunna saparantos wahel teh boemen-boemenna di Tjilimoes.

Sadajana panoehoenna dikaboelkeun.

Djoeragan voorzitter nganoehoenkeun kana djasa-djasana djoeragan Sastraatmadja sareng kana djasa-djasana djoeragan Sastrasasmita, sarehna lid Bestuur sareng leider B.P.G. anoe actief sareng teu kinten insjafna poerah metjoetan leden anoe sok ngabaekeun kawadjiban ka B.P.G.

Djoeragan voorzitter nganoehoenkeun deui ka djoeragan Soekartaatmadja wirehing andjeunna hidji lid anoe teu kinten satiana.

Ajeuna anoe kagiliran njarios teh djoeragan Rd. Enoes Adviseur B.P.G.

Andjeunna nganoehoenkeun sareng moedji kana beleidna Bestuur anoe parantos kaoeninga koe andjeunna, bestuur ngamoedi B.P.G. teh disarengan koe „landoeng kandoengan, laer aisan", leuleus djeudjeur liat tali, djaoeh tina basa getas haroepateun teh.

Ka leden anoe sok ngaloeli-loeli kawadjiban teu weleh-weleh maparin nasehat, dipiwoelang nganggo basa lemah lemboet doegi ka doea-tiloe kali nganasehatanana teh.

Koe sabab kitoe, atoeh elid teh ngaraos asa gadoeh panjaloeoehan.

Samemeh arandjeunna morosotkeun pangoeroesanana, oerang sadajana wadjib nganoehoenkeun sareng ngagandiar kana beleid bestuur anoe sakitoe poedjieunana.

Doepi maparin gandjaran anoe boekti mah oerang teh pimanaeun ajeuna mah oerang sanggakeun bae ka Goesti Noe Maha Soetji, soepados kasaeanana bestuur B.P.G. digandjar koe mantenna.

Saparantos teu aja deui noe sasaoeran, nembe diladjengkeun kana agenda 7.

PILIHAN BESTUUR.

Saparantos bestuur pada morosotkeun kapangoeroesanana, ladjeng milih bestuur anjar.

Noe kapilih noemoetkeun setem berendelanana sapertos ieu di handap:

Beschermheer: djoeragan Rd. Kartasoemitra, Wadana Djatiwangi.

Adviseur: djoeragan R. Enoes. Schoolopziener Djatiwangi.

Voorzitter: djoeragan M. H. Soetraatmadja. Mantri Goeroe Bovenbouw Djatiwangi.

Secretaris tevens Penningmeester: djoeragan Soemawisastra, H. O. Bovenbouw Djatiwangi.

Commissarissen:

1. Djoeragan Wiradisastra, H. O. Madjalengka II.
2. Djoeragan E. Sanoesi, H.O. Bovenbouw Parapatan.
3. Djoeragan S. Wiramihardja, Mantri Goeroe Vervolgschool Beusi.

Verificatie Commissie kangge taoen 1935.

Voorzitter: djoeragan Wigena Prawira, H.O. sakola klas II no. 1 Madjalengka.

Secretaris: djoeragan Soetawisastra, Mantri Goeroe Vervolgschool Radjagaloehlor.

Lid: Djoeragan Danoemihardja H.O. Bovenbouw Ligoeng.

Saparantos pilihan Bestuur, ladjeng kana agenda 8.

VOORSTELLEN.

Djoeragan Mevr. Hadidjah Kendarsih voorstel:

a. Soepados B.P.G. ngajakeun gempoengan (vergadering) di Madjalengka sataoen sakali (pili genti) di Djatiwangi sakali di Madjalengka sakali sapertos vergadering P.G.I. ajeuna.

b. Soepados B.P.G. ngadamel excursie kangge ngaloeaskeun pamandangan, ka tempat-tempat anoe kasohor, atanapi ka patalasan patilasan djaman baheula.

Poetoesanana voorstel:

a. Gempoengan henteu moepakat, vergadering B.P.G. dipindah pindah, margi Beschermheer sareng Adviseur aja di Djatiwangi, djadi kempelanana oge B.P.G. teh tetep di Djatiwangi.

Poetoesan voorstel:

b. oge gempoengan henteu moepakat djalaran todjaiah sareng toedjoean B.P.G.

Maksoedna B.P.G. mah leden teh kedah nikrik, gemi kana economie enz.

Oepami loear B.P.G. moepakat ngajakeun excursie.

Djoeragan Martadipoera sareng djoeragan Wihantadisastra. Voorstel:

Simpenan kangge lid anoe diwahel, njoehoenkeun soepados ditoeroenkeun tina *f* 1.— kana *f* 0.50 djalaran patali sareng kirangna pangasilan.

Poetoesanana: gempoengan moepakat kana ieu voorstel, namoeng ngan keur goeroe-goeroe (lid B.P.G.) anoe diwahel kalawan teu didamel deui, sareng kangge goeroe-goeroe (lid) anoe diovercompleet ping 31 Maart 1934, noe ajeuna djaradi goeroe di onderbouw.

Wachtgelder (lid) anoe didaramel di onderbouw mah tetep simpenanana paling saeutik *f* 1.— sasasih.

Agenda 9:

RONDVRAAG.

Patarosan - patarosan, sadajana diwaler koe djoeragan Voorzitter.

Waleranana njoegemakeun oge ka leden anoe naraos.

Agenda 10:

BAGI KAOENTOENGAN

Kaoentoengan artos simpenan taoen 1934 dibagikeun ka masing masing lid, anoe hak nampi eta artos.

Saparantos beres bagi kaoentoengan, kinten taboeh 4 gempoengan ladjeng boebaran, kalajan kawiloedjengan.


**KABAR PENTING!**

Ngawitan sasih ieu, barang-barang di Toko pribados salianna sawatawis artikel, pangaosna ditoeroenkeun anoe pohara.

P a n g a o s m i r i n g, p a n g a o s d i b a n t i n g.

Toko ANG WEST

27 Passar Baroe 34 — Bandoeng



Potongan ramping dan manis.
Dedek - pengawakan tegap dan gagah.
Bahan pakean tjap TTG.

**Satoe combinatie soeroep dan tjotjok!**

Kendati orang biar bagimana tjerewet poen kita sanggoep iringkeu kainginannja dalem soeal bahan pakean, hingga itoe orang dapet kapoeasan dan kesenangan 100 pCt. penoeh!

GROOT GABARDINE MAGAZYN
**Firma „TAN TJOEI GIN"**
Pasar Baroe 50 — BANDOENG

oendang U tjoba satoe kali bikin pesenan, tentoe U poewas 100 pCt. baek dalem oeroesan bahan pakean, maoepoen dalem soewal „SERVICE".

Silahken sekarang djoega toelis soerat, minta tjonto atawa keterannan jang di'ingin.



**SOHOR**

Toko TJILIK
Kalereun P.Baroe No. 65 Bd
Ngawitan taoen 1912

Parantos 20 taoen langkoeng teu kinten sohorna perkawis ngitjalan sedjatina:

**— BAKO TONGBOE —**

Siangbiep noe toelen, sareng kawak seungit, oge sajagi BAKO SISIG (Soesoer) noe sae.

K a s e d e p p a r a D j o e r a g a n!

84 M a n g g a t j o b i a n!



N.B. Oelah lali! Oepami bade baranggaleuh goenting ieu Advertentie, tangtos diwoewoehan nganggo PERSENAN.

# Staande Salonklokken

DITANGGEL:
Sapertos ieu gambar
Ageung sorana
Akoer djalanna
Mirah pangaosna.

Gongslag pangaos f 65.-
Westminster Carillon pangaos f 85.-

Oepami palaj sanes roepi (sanes model) tiasa oge dipesen.

# Hangklokken

Bimbam-slag pangaos f 21.-
Junghans-Wekker ngawitan pangaos f 2.75

Sadajana ditanggel nganggo serat GARANTIF 1659

Hormatna Toko Mas Inten N.V. Handel Maatschappy
DE CONCURRENT Juweliers
Bragaweg No. 41 Telefoon 667 — Bandoeng



MOENG HIDJI - HIDJINA

Apotheek di Bandoeng anoe ngagadoehan Ass. Apotheker bangsa **Priboemi**.
Dina ngalajanan ka tatamoe ditanggel njoegemakeun. Nja kitoe deui dina pangaosna, para Djoeragan Istri sareng pameget tiasa ngaboektikeun koe andjeun, diantos soemping ka sadajana publiek kalajan ditampi koe kabingahan. No. 6571

— Kairing koe kahormatan —

N.V. SOENIARADJA APOTHEEK
Pasar Baroe 106A — Bandoeng — Telef. 115 (Pengkolan Kompa)



OBAT PEPPERMUNT
WOODS'



DJANGAN



LOEPA INI!

Selaloe bawa satoe boengkoes Tiger Balashin Sai! Balashin Sai enak rasanja dalem moeloet dan bikin bersi dan lindoengken pekakas-pekakas pranti napas. Sakit peroet, koerang napsoe makan, 'nak, dan laen-laen penjakit demikian semoeanja linjap dengen lantas sasoedanja makan

TIGER BALASHIN SAI

Bisa terdapet di semoea roemah obat

ENG AUN TONG, Molenvliet W. 174, Tel. Bat. 1090



DRUK. TJAHJA-PASOENDAN
GROOTE-POSTWEG OOST 123 TEL. 1520 – BANDOENG

FILIAAL:

DRUK. TJAHJA-PASOENDAN
PEKIRINGAN No.88 – PASAR BALONG – CHERIBON

Nampi saniskanten kaperloean Drukwerk ngawitan ti formaat alit doegi ka noe pang ageungna. Soemangga deugdeug!!!!!
Koe djalan sakali ngadamel pertjobian tangtos:

SOEGEMA! – POEAS! – BINGAH!

Kasoegemaan, kapoeasan sareng kabingahan teh teu aja deui kadjabi ti kedah ngaboektoskeun soemping ka adres diloehoer

MOTTO LEUWIH MAHAL PADAMELANANA TAPI LEUWIH MOERAH HARGANA



KININE NJEGAH PANJAWAT GRIEP SARENG INFLUENZA
Toeang dina sadinten: 1 TABLET
Tiasa kenging di waroeng-waroeng
Tjonto á 100 tablet noe 0.2 gram BISULFAS CHININI atanapi HYDROCHLORAS CHININI (ZOUTZURE KININE) nganggo atoeranana noeang, dikintoen franco ti saparantosna nampi postwissel f 1.— atanapi f 1.20, ka:
N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK



Tida 1 dalam 100

Ja, tida satoe dalem 100 orang taoe qualiteit barang bagimana ada jang baik. Dengan gampang pembeli bisa kadieblos.
Itoe bergantoeng sama sekali dari pendjoealnja. Dari itoe kaloe Djoeragan maoe pake barang, taoelah pada adres siapa Djoeragan moesti beli. Ja-itoe pada adres jang pegang tinggi nama tokonja, sebab adres jang soedah terkenah ada mendjadi satoe tanggoengan.
Terlebi-lebi kaloe Djoeragan membeli kain Batikan, Djoeragan misti pergi pada toko jang pegang Qualiteit.
Dengen harga menjenangken toko „**De STIA**" Pangeran Soemedangweg Bd.
Sedia roepa² kain Batikan Tenoenan petji dan ketoeoedeng. 14
N. B. Berlangganan sama kita berarti Berhemat.



KANTOREN

R. Idih Prawira di Poetra
RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
Oeroesan: Civiel, Crimineel, sareng sadjabi ti eta
*Hoofdkantoor di Garoet:*
Regolweg No. 2
*Bijkantoor di Tasikmalaja:*
H.A. Masdoeki, Djadjawajweg No. 4
*Bijkantoor di Bandoeng:*
G. Tjikapoendoeng 176/13C.



Bewara Hoofdbestuur

Koe margi taoen ieu parantos meh seep, Hoofdbestuur pikeun leden Pasoendan, sareng noe sanes, parantos njajagikeun:

Wandkalender taoen 1935

Para Djoeragan Bestuur Tjabang disoehoenkeun soepados ti ajeuna kersa ngamadjeungkeun nampi sareng nerasken bestellingen ka Secretariaat Hoofdbestuur.

Pangaosna eta wandkalender
f 0.50

Hoofdbestuur PASOENDAN



IN DE KOST

HIDJI familie Indonesier anoe sopan sareng aja di rorompok oetami, parantos njajagikeun tempat kangge DOEA moerangkalih pameget atanapi istri noe masih sakola.
Perdjagian salamina ditalingakeun.
Serat-serat alamatkeun ka bureau „Sipatahoenan" nganggo tjiri letter „**A.**"


## „Kaleleban koe doeriat."

Kenging: „NOENGGELIS"

3

Kitoe sababna, noe matak andjeunna moengpang ka ramana, lain teu bogoh lain teu soeka ka Enden Roekmini teh, da poegoeh roepina oge henteu sabaraha djaoeh ti Enden Rohati.

Ari koe kitoe tea mah pantes, lantaran sosobatanana Raden Boediman ka Enden Rohati, tiaalit keneh, ti djaman pada sakola, tepi ka boga rasa tjinta nja ka Enden Rohati. Anoe tangtoe tea hese dipegatkeunana, lir ibarat raga djeung njawa, sesah patoeraj na oepami henteu nemahan pati.

Kaabotan, katineengna Raden Boediman ka Enden Rohati, dina waktoe harita geu teu aja baban dinganana. Da boektina ti sabarang ngoeping tjariosan ti ramana, jen kedah nikah ka Enden Roekmini, ngadak-ngadak salirana djadi begang, pameunteu pias taja getihan, sakedeung-keudeung ngarasa keueung, bingoeng noe lain loemajan.

Moen siang tara aja padamelan pisan, kadjabi ti ngadjentoel ngahoeroen baloeng, malaweung djeung lalamoenan; samar polah, ngalantoeng tambah kabingoeng, ngadaweung tambah malaweung, diroeroengsing pikir poesing.

Moen wengi nja kitoe bae padamelanana teh woengkoel ngalamoen noe tatjan tangtoe, njawang noe bakal kasorang, disoesoeroep, dipapantes koemaha pibaloekareunana.

Sihoreng pertjintaan teh dipoehit mah matak djadi kasakit, moegagkeun sagala lakoe lampah.

— — — — — — — — —

Oerang toenda kaajaan Raden Boediman anoe keur kataradjang toenggara manah, gering pikir beurang peuting.

Ajeuna oerang njarioskeun Enden Rohati, anoe noedjoe kaoeroegan goenoeng bingoeng, katjaahan sagara aoengkawa, bandjir sedih siang wengi, djalaran ditinggal poepoes koe iboe.

Padamelanana oenggal dinten oenggal wengi teu aja deui kadjabi ti ngaheloek ngemoet-ngemoet iboena, anoe geus moelih ka djati, moelang ka Rahmat'toellah.

Djoeragan Martasoengkawa oge padamelanana, oepami siang ngalangeu di tepas pajoen, bari ningali djalmi noe lalar liwat. Oepami wengi sok sering ngaos koer'an, malak mandar ngalap arwahna ti geureuha, anoe geus moelih ka adjali, moelang ka kalanggengan.

Saminggoe Djoeragan Martasoengkawa dikantoen poepoes koe geureuhana, estoening teu aja pisan kaberaganana, sedih peurih ngoempoel kabeh toemiba ka andjeunna. Raraosanana geus teu poegoeh, boeroean asa lajoean, bale-bale asa rehe, loeloeroeng djiga baringoeng, pantjaniti raos sepi, sepi dikantoen moelih, moelang ka alam sirna.

„Emh, Titi! ramana – bari tjisotjana ngejembeng. „Kaajaan mama djeung Titi dina waktoe ajeuna, keur meudjeuhna prihatin, tindih toemimplik koe milik diri; paingan tjek babasan kadar teu beunang disinglar, takdir teu beunang dipoengkir. Nja ajeuna pisan boektina.

Njeri peurihna kapanggih, lara nalangsana kasorang, noe matak Titi koedoe hidep djeung saregep ngawoelaan ka mama, entong make asa djeung djiga itoeng-itoeng gaganti iboe. Ari mama ti waktos ieu kahareup moal boga deui pamadjikan, sabab sok sieun henteu sahate djeung iboe maneh anoe geus euweuh dikieuna.

Djeung babakoena mah mama teh njaah ka Titi, noe matak moal boga deui pamadjikan, bisi ngaroemas engkena Maloem noe kaseboet indoeng tere, masih sakoemaha njaahna oge, moal njaah tjara indoeng sorangan! geuning aja babasaan: „sategana indoeng sorangan, moal tega tjara indoeng tere."

Geura pek pikiran koe Titi „ramana bari ngahoeleng djiga noe sedih pikir, kasoeat soeat koe noe teu aja.

Barang Enden Rohati ningal ramana ngahoeleng, ngadak-ngadak tjisotjana njoeroetjoed, nangis henteu katahan deui, soemegroek djiga nou pohara ngangresna.

— — — — — — — —

Adoeh mama tobat tening
naha iboe waka nilar
ngantoen abdi djongdjon bae
antosan iboe antosan
abdi soemedja ngiringan
ngiringan ka piatoe koeboer
njarengan kalanggengan.

Hiroep oge tangtos sedih
samar kiat soemoreang
langkoeng sae maos bae
adoeh njawa geura tjandak
henteu aral teu soebana
estoe pasrah ka Jang Agoeng
wengi sinarengan siang

Iklas raga sareng diri
ti batan nandang toenggara
sanaos abdi awewe
moal alang koemapalang
loeas iklas bibilasan
kadjeun oemoer mandjing koeboer
lir sarah kabawa tjaah.

Soempah ka noe maha Soetji
moal tjidra ti soebaja
moal geseh tina hate
nadjan dipoekproek koe doenjai
atanapi harta banda
tinangtos hate ngoeloewoet
soengkan patjampoer djeung aral.

*(Samboengeun).*

„SIPATAHOENAN"
No.49 — 2 Maart '35 — Saptoe — 26 Hapit 1353 Th. ka XII
LAMBARAN KA — III

# Raad Agama.

Koe: *D.K. Ardiwinata*

MOTTO:
*„Agama oerang*
*Oeroeseun oerang".*

Dina karangan djisim koering noe ti pajoen, parantos disebatkeun, jen Kodli Sjari teh „Á j a". Anoe dimaksoed koe sim koering teh, lain Kodli Sjar-i anoe oemoem taoliahna, tegesna anoe ngadjalankeun hoekoem Agama Islam sagemblengna, sabab moestahil di tanah djadjahan bisa ngadjalankeun noe kitoe. Kapan perkara noe maling, noe djinah, noe maehan djeung sabangsana, henteu dipasrahkeun ka Kodli atawa raad agama, tapi ditjepeng koe Justitie, Landraad atawa Landgerecht, noe moetoesna „atas nama Sri maharadja." dagan Koningin anoe hak ngahoekoem Lamoen anoe kitoe direboet, tangtoe Kodli dihoekoem da kapan geus disengker koe art. 134 I.S. anoe oeni a: overal waar de Inl. bevolking niet is gelaten in het genot harer eigene rechtspleging, wordt in Ned. Indie recht gesproken in naam des Konings. Nja sateroesna diatoer koe Rechterlijke Organisatie.

Djadi di oerang henteu ngahoekoeman koe neukteuk leungeun atawa ngarandjam teh, henteu djadi dosa ka Kodli, da lain oerang noe ngahoekoem. Henteu matak batal kana ngaran Kodli Sjar-i teh.

Koemah ari hoekoeman raad agama?

Sanadjan Hoekoeman raad agama geus dialas koe Goepernemen, tapi ngahoekoemanana mah, henteu „atas nama Sri Maha Radja", tapi atas „nama Alloh djeung Rosoelna". Kang djeng Radja henteu kersaeun ngareboet kana Hakna batoer.

Tah, koe ieu oge, geus djol deui bae, tjiri jen hoofdpanghoeloe koe Goepernemen, dianggap „Kodli Sjar-i noe geus ngadeg ti baheula tea, henteu dirobah hoekoemna, ngan oekoer diwatesanan: djeung dibere djalan koedoe kitoe, koedoe kitoe bisi ngarempak kana wet nagara."

Kodli Sjar-i henteu bisa ngahoekoem ka djelema anoe henteu salah, teu poeasa, da kahalangan koe wet nagara, art. 173 I.S. tea. Koe sabab kitoe. henteu djadi dosa ka Kodli, da aja manehna.

Diseboetkeun soteh, henteu aja Kodli Sjar-i sabeulah - sapotong, nja eta henteu aja Kodli noe ngan ngoeroeskeun moenakahah bae woengkoel, henteu ngoeroeskeun ibadahna djeung noe sedjen-sedjenna deui, sakoer anoe beunang didjalankeun.

Djeung deui dina karangan djisim koering noe ti pajoen, geus njebatkeun, jen hoofdpanghoeloe teh, padamelanana atawa kapangkatanana, aja 3 roepa:

1. Djadi Adviseur dina Landraad, kalawan aja besluitna ti Pamarentah, padameanana njoempah djeung ngabatoeranan advies ka Voorzitter Landraad tina perkara agama djeung adat, sakoer anoe di pariksakeun ka andjeunna.

Art. 7 tina R.O. nerangkeun: „Wanneer Inlanders of met hen gelijkgestelde personen in Burgelijke of strafzaken in eersten aanleg elders dan voor het Landgerecht als verweerders of beklaagden betrokken zijn, wonen, voor zooveel Mohamedanen aangaat, de Hoofdpanghoeloe, als Adviseurs de terechtzitting bij en zal het gevoelen van zoodanige Adviseurs worden ingewonnen ten aanzien van de terzake betrekkelijke godsdienstige wetten, instellingen en gebruiken, teneinde daarop bij het doen der uitspraak worde gelet.

Toeh! geuning, djol deui bae, dianggarna djeung diadjenanana hoofdpanghoeloe teh, dina Landraad oge nepi ka Advies hoofdpanghoeloe teh, dipake patokan „nimbang hampang-beurat na hoekoeman Landraad". Tetela, hoofdpanghoeloe teh Kodli Sjar-i tea, anoe diakoe koe Pamarentah.

2. Dina Raad Agama anoe geus diatoer koe Stbl. 1820, No. 22, 1835 No. 58 djeung koe Bijblad No. 1835 djeung 3103, hoofdpanghoeloe teh didjieun Voorzitterna.

Di dieu mah, komo, beuki tetela bae, djadi Kodli Sjar-ina teh, sabab ngahoekoemanana atas „nama Alloh djeung Rospelna" djeung hoekoemanana noe roetkeun Wet Adilatoes Sjariah.

Dina Raad Agama mah padamelan hoofdpanghoeloe teh, teu aja deui, kadjaba ti moetoes noe papadoean tina bab lakira bi djeung waris, djeung noe ngantet kana oeroesan eta.

Moetoesna, henteu meunang sakarep-karep, koedoe kalawan moepakat elidna. Engke kahareup, oepama perloe, oerang tjaritakeun deui.

3. Padamelan hoofdpanghoeloe anoe henteu dibisloeitan tea, sarta henteu aja staatbladna (kadjaba ti anoe aja patalina djeung politiek) saperti bab ngawinkeun. Ngadjalankeunana eta pagawean, henteu.... koedoe mariksa timbangan Raad Agama, meunang koe kakawasaan andjeunna bae, sabab andjeunna noe kagoengan tanggoengan. Tapi moenggoeh hoofdpanghoeloe anoe ati ati mah, tara tinggal ti moesawarah, boh djeung leden Raad Agama, boh djeung adjunt hoofdpanghoeloe, sangkan oelah nintjak disalah tea, maloem djelema mah tempat kaloeloepoetan: toeroeg-toeroeg diparentah koe Rosoeloellah, dina anoe penting koedoe moesawarah djeung batoer.

Padamelan hoofdpanghoeloe anoe katiloe, di tanah Djawa mah, didjalankeunana lain koe hoofdpanghoeloe anoe biasa tjara dioerang. tapi aja deui panghoeloena, ngaranna Panghoeloe Imam la di Djawa mah, dioenggal nagara oge, sakanjaho koering, aja doea: Panghoeloe Landraad atawa hoofdpanghoeloe anoe sok loedoek di Landraad djeung djadi Voorzitter Raad Agama, djeung panghoeloe imam. noe padamelanana nikahkeun reu djeung saniskara kawadjiban Agama.

Ajeuna oerang tataan padamelan hoofdpanghoeloe noe katiloe tea, sawareh-wareneun:

a. Ngadegkeun tjiri-tjiri kaislaman, saperti: njieun masigit, ngajakeun salat bardjamaah djeung Djoemaah; nabeuh kohkol; nabeuh bedoeg djeung salian ti eta.

Baheula mah, ngoeroeskeun pasantren-pasantren djeung ngaexamen pigoeroeeunana,

b Ngoeroeskeun djelema noe kawin, pepegatan djeung ngaroedjoe. Ieu mah lantaran aja patalina djeung poelitiek tea, nja diatoer koe staatsblad. Noe pangpandeurina stbl. 1929, no. 348, jo. stbl 1931, no. 467. Ieu teh lain pagawean Raaad Agama, kadjaba lamoen geus djadi papadoean (geschillen), kakara diasongkeun ka Raad.

c. Djadi wali ti awewe noe teu boga piwalieun. Sanadjan hal ieu aja dina stbl. anoe diseboet bieu, tapi dina oeroesan Agama mah, sedjen deui djeung ngawinkeun.

d. Netepkeun tanggal hidji boelan Poeasa djeung mariksa saksi saksi roejat. Ieu pagawean, henteu aja noe boga Hak ngadjalankeun, lian ti Kodli. Djeung deui ieu teh lain pagawean Raad Agama, estoe hoesoes pagawean Kodli, noeroetkeun pamarentah Agama. Tapi tangtoe teu aja halanganana, lamoen panghoeloe kersa moesawarah djeung elid-elid, malah sawareh mah sok moesawarah oge ka panghoeloe-panghoeloe sedjen nagara.

e. Ngaeroeskeun djakat-pitrah, sakoemaha noe geusk abiasakeun di Priangan.

f. Panghoeloe koedoe ngaraksa, soepaja koeboeran bangsa Islam oelah patjampoer djeung noe sedjen Agama, atawa sabalikna.

Dongeng: Kira-kira 40 taoen katoekang ti Bandoeng aja hidji Walanda, ngaran K. pindah ka Tjiandjoer, noetoerkeun pamadjikanana oerang ditoe, sarta sadatangna ka ditoe toeloej asoep Islam disaksian koe Panghoeloe. Sanggeuna asoep I's l a m, manehna ngadjalankeun papagon Islam samistina, kasaksian koe djelema loba, sabab tjatjampoeranana ngan djeung oerang Priboemi bae. Henteu sabaraha lilana eta moealap ajana di Tjiandjoer, hilang. Tangtoe bae, pamadjikanana boeroe-boeroe poepoelih ka indoeng bapana eta moealap di Bandoeng.

Teu talangke deui, kolotna eta moealap djeung anak-anakna arindit ka Tjiandjoer, sarta sadatangna ka ditoe, teroes ngoeroeroes majit, sakoemaha tali paranti bangsa Walanda; dikoeboer di tempat koeboeran Walanda.

Hoofdpanghoeloe Tjiandjoer henten tjitjingeun, toeloej oendjoekan ka Pangawoelaan djeung ka toean Assistent Resident, njoehoenkeun widi, eta moealap K. bade dipindahkeun ka koeboeran bangsa Islam. Tjaritana, ieu perkara teroes nepi ka loehoer.

Gantjangna toean Resident, Panghoeloe Tjiandjoer dimeunangkeun, sarta majitna eta K. dipindahkeun ka koeboeran Islam.

Noeroetkeun Wet mana, eta poetoesan teh?

Lantaran Hoofdpanghoeloe salah, naha toean Resident djeung Assistent henteu meunang sesendoe?

Tjindeking tjarita, pikeun koering mah, sakoeringeun, tetep bae ngakoe. jen hoofdpanghoeloe teh, Kodli Sjar-i:

1. Tjek agama ngangkat Kodli teh, henteu koedoe koe bisloeit atawa staatsblad, koe idjab kaboel oge, djadi.

Ari idjab kaboel tea, sakapeung tjoekoep koe peta bae, teu koedoe koe segat, saperti oerang barang beuli ka Tjina, tjoekoep koe ngasongkeun doeit, nampa barangna.

2. Ajana panghoeloe djadi Kodli Sjar-i teh, geus djadi adat ti baheula. Ari adat tea pohara dikoeatkeunana koe Goepernemen, satoengtoeng dina atoeran wet teu atjan diatoer, atawa dina ngalarapkeunana teu ngaroeksak ka oemoem. Kieu ketjapna oge:" .... terwijl overigens de onder hen geldende, met hunne godsdiensten en gewoonten samenhangende rechtsregelen worden geeerbiedigd ...." Ieu teh dina burgerlijk recht. no roet art. 131, lid 2, sub b Ind. Staatsregeling.

Bab adat katjida dianggapna, toer ngaleukeum kana wet, loba tjontona dina karangan Prof. van Vollenhoven tina bab adat recht.

3. Ajana hoofdpanghoeloe djadi Kodli Sjar-i teh geus djadi anggapan oemoem ti baheula, kadjaba ka behdieunakeun, aja oge anoe moengkir.

4. Sakoemaha anoe geus ditjaritakeun ti heula, aja sababaraha hidji staatsblad djeung bijblad anoe ngakoe djeung nganggap, tea hoofdpanghoeloe teh, enja, Kodli Sjar-i! Sanadjan hea teu etjes pisan,

Tapi, nadjan kitoe, moenggoeh koering mah henteu rek keukeuh peuteukeuh, lamoen enja, djelema loba geus teu nganggap hoofdpanghoeloe djadi Kodli Sjar-i nja teu naon-naon! Noe matak bareto, dina karangan noe ti heula, koering geus naros ka djoeragan Soetisna Sendjaja, koemaha pikersaeun andjeunna?

Ana didjawab koe andjeunna, pondok pisan, saoerna:

„Djisim koering ngan tiasa ngawaler, dalah dikoemaha!"

Koe emoetan, kana djawaban djoerang S.S. noe bieu teh moenggoeh kalolobaanana djelema noe pertjaja ka Alloh djeung kana Poe kiamah mah, moal soegemaeun hatena, tangtoe manehna inget kana Dawoehan Alloh dina Koeran; „Maroentang maraneh kana tambang Alloh, oelah paboerentjaj."

Koemaha pibisaeun ngoempoel djadi hidji Kaoem Islam, lamoen teu aja Imamna. Saroea bae djeung hidji vereeniging noe teu voorzitterna,

Koe sabab eta koe Agama geus diwadjibkeun, oerang teh koedoe boga Imam.

Ajeuna, lamoen meerderheid van stemmen geus teu nganggap ka hoofdpanghoeloe djadi Kodli Sjar-i, koering rek ngahatoerkeun voorstel kieu:

Oerang wadjib koedoe boga Imam! Ari noe ngangkatna ka imam koedoe Soeltan, Lamoen teu aja Soeltan, koedoe milih bae sorangan, anoe milihna ahloel hilli wal akdi, tegesna, menak-menak djeung para oelama,

Di oerang aja Soeltan, nja eta Goepernemen. Tapi Goepernemen, teu iasa ngangkat imam, lantaran kahalangan koe wet, art. 173 - I. S. Eta diseboetkeun „oedzoer."

Lamoen Soeltan oedzoer pikeun ngangkat imam, hoekoemna saroea bae djeung teu aja Soeltan, djadi oerang sarerea kapaksa koedoe make atoeran nomer 2, nja eta dipilih koe „ahloel hilli wal akdi."

Mangga ajeuna oerang milih „kiai" noe pangdjempolna. Pilih koe kiai - kiai djeung koe menak - menak, make komara noe djadi Boepati, milihna tjara milih „loerah". Dimana geus aja noe kapilih, sanggakeun ka noe djadi Boepati, soepaja ditetepkeun, dibisloeitan. Djeung doemeh noe kapilih tea koedoe boga kahiroepan, soehoenkeun soepaja didamel adjunct hoofdpanghoeloe atawa panghoeloe imam, atawa naon bae ngaranna mah, dapon pagaweanana woengkoel ngoeroeskeun agama. Rechten djeung plichtenna ditetepkeun koe Boepati.

Soepaja oelah aja kiai noe sirikan, atoeh tetepkeun, 3 taoen sewang atawa 5 taoen sewang. Emoetan djisim koering, pirakoe kiai-kiai henteu moepakat, da kawadjiban sarerea boga Imam teh.

Ieu djalan asa pangleresna sarta panggampilna, margi noeroet parentahan Sjara sareng moal aja fitnah doenja, sabab Goepernemen moal aja toehmah naon naon, da dipingpin koe noe djadi Boepati, dibandongan koe Oemoem, kapan Boepati teh kapala pangloehoerna anoe kawadjiban nalingakeun bab ka terangtreman Agama.

Koemaha, lamoen geus ngadeg eta „panghoeloe imam", tapi djalma-djalma teu daekeun... noeroet?

Ari teu noeroet kabeh, komaman, taja petana, kapan ajeuna oge, lolobana meh noeroet keneh ka hoofdpanghoeloe: Komo ka „panghoeloe imam", da kapan beunang diseboetkeun, beunang milih sarerea.

Demi noe teu daekeun noeroet mah, keun bae. Meureun tetep tjara ajeuna, ngan oentoengna: Panghoeloe bisa ngadjalankeun kawadjiban AGAMA, moal tjara ajeuna, netepkeun tanggal 1 boelan Poeasa oge digeunggeureuhkeun.

Kadoea perkara, djelema loba moal doraka, da Imam atawa Kodli Sjari geus aja. Njieunna noeroet parentah Agama.

Pikeun panoetoep tjarita, ajeuna sim koering rek njarioskeun ketjap „Kapala Agama", noe maksoedna salinan tina ketjap Imam tea. Lamoen oerang njoektjroek-njoektjroek staatsblad nadjan nepi ka taoen Enol oge hajang manggih katerangan, jen Boepati, soemawonna Hoofdpanghoeloe, djadi Kapala Agama, tangtoe moal manggih da ieu mah diteanganana koedoe tina Agama tina Babad djeung tina Boekti.

perkara Imam teh dina Agama pohara dipentingkeunana. Elmoe Oesoel aja Imamna. Pakih aja Imamna. Tasawoef nja kitoe keneh. Dina hidji-hidji nagara diwadjibkeun koedoe aja Imam, nja eta soepaja Oemat Islam djadi „hadji", oelah anggaresol, nepi ka lebaran doea kali.

Ari noe djadi Imam teh, henteu koedoe noe pangpinterna pangartina mah dapon tjoekoep kana kaperloeannana bae, saperti Voorzitter hidji vereeniging henteu koedoe leuwih pinter batan elid-elidna.

Roekoen roekoenna noe djadi Imam, di dieu henteu ditjaritakeun ngan perloe diseboet, noe djadi Imam koedoe boga kakawasaan, atawa koedoe dikawasakeun koe noe kagoengan kakawasaan.

Raden Patah, Soeltan Demak nja djadi Soeltan, nja djadi Imam Agama, Sateroesna nepi ka ngadeg karadjaan Mataram, soeltan-soeltanna teh nja tjara Demak bae. Geuning Soeltan Solo djeung Soeltan Djogja, nepi kaajeuna oge djenenganana make Kalipatoellah, Sjidin Panatagama.

Nja kitoe deui di Pasoendan, Soenan Goenoeng Djati, Soeltan Hasannoedin nepi ka soeltan-Soeltan ka-behdieukeun, tetep ngarakoe djeung diarakoe Imam. Boepati 2 di Priangan sanggeus leupas ti Mataram djeung ti Tjirebon, nja toeloej ngarakoe djaung diarakoe Imam tea.

Koe lantaran geus djadi Adat boh di oerang, boh di tanah Arab noe djadi Soeltan teh sok ngawakilkeun ka Kodli, djadi ieu oge sok diseboet Imam keneh bae.

Noeroetkeun pamanggih sim koering, teu atjan sakoemaha lawasna, oerang tanah Indonesia teh ngarakoe keneh Imam ka Soeltan Toerki.

Ieu tjariosan, maksoed sim koering lain rek ngitjoek2, soepaja ngarakoe Imam ka noe djadi Boepati atawa Panghoeloe, eta mah koemaha bae, maksoed teh ngan rek njarioskeun sadjarahna Imam dina kalangan Islam Kaoem Koeno.

Sakieu bae heula. Engke oerang toeloejkeun deui.—

**Dr. Tan Kiat Boen**
**arts.**
Merdika Lio 2 A Bandoeng, Tell. No. 461
Kanggo praktijk oemoem (panjawat moerangkalih, di lebet salira, koelit sareng njeri kahampangan) oge noe loeng ka djalmi noe bade babar.
Ngalandongan koe nganggo hoogtezon, solluxlamp sareng hoogfrequentie—apparaat.
Waktosna marios: endjing² 7 — 9
sonten 4 — 6
31
Nampi panggilah dina sambarangan waktos.

DOKTER
**H. Heerdjan**
Simpangan Tjitjendo—Kebon Kawoeng—Telefoon 780
Saban dinten nampi noe bade lalandong
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.½ sareng
Siang „ „ 9 „ „ „ 6.



**TOKO**
**A. B. C.**
Pasar Baroe 49 tel. 123
— Bandoeng —
Adres noe parantos sohor kanggo roepi-roepi BEDIL—PESTOL — katoet obatna sareng paparabotanana.
Sajagi oge **bedil-angin** merk **B S. A. Diana — Haennel** s.dj.t.
Ngagaleuh seueur kenging korting. Gampil ngatoerna mah, kempelkeun bae sareng rerentjangan tangtos koe djalan kieu karaos:
**OENTOENG** sareng **MIRAHNA** !!
REPARATIE: nganggo garantie. Kintoenkeun roepi parabotan noe parantos resak sapertos: bedil — pestol — lampoe-lampoe s.s.d. Mangga boektoskeun.
Mirah—Rapih sareng njoegemakeun!!!

TETAP NOMMER SATOE



Soesoe tjap Nonna
JANG PALING BAIK




Drukwerk netjis, koendjoengilah
DRUKKERIJ
TJAHJA PASOENDAN
Pekiringan 88 — CHERIBON

## Bedja-bedja

(Ti Singapoer.)

### KAPELET LANTARAN ANGEUN KARI.

Hidji Kling Hindoe ngaran Parajasami waktoe manehna gering di hospitaal geus kaleungitan pamadjikanana ngaran Moe sama. Geus doea taoen kakara kapanggih deui, lantaran dibawa koe bangsana keneh ngaran Moe toesami, dibawa minggat ka Thuk Anson.

Barang dihadepkeun ka pangadilan di Klang, saalkina nerangkeun, waktoe manehna aja di roemah sakit, pamadjikanana mindeng ngalongokan, tapi ka beh di eunakeun teroes dibawa minggat koe noe didakwa.

Pamadjikanana nerangkeun waktoe manehna rek ka roemah sakit, papanggih djeung sakitan, sarta mere angeun kari.

Sanggeus ngadahar eta angeun tea, teroes lingloeng, kapelet, sarta teroes noeroet sakoemaha pangadiak manehna.

Sakitan ngakoe manehanana noe diadiak minggat, sarta eta awewe ngakoena teu boga salaki toer teu indoeng-teu bapa.

Sakitan terang kasalahanana ditibanan hoekoem boei 2 boelan

### NGARAMPAS DI SISI DJALAN.

Powe Kemis noe anjar kaliwat hidji awewe bangsa Europa keur nangtoeng di simpangan Market megat Bus datang.

Harita aja hidji Kling toempak kareta mesin, teroes toeroen sarta njaboet peso, teroes ngarampas hidji ali emas noe keur dipake koe eta njonja.

Harita keneh gantjang dilaporkeun ka politie.

### NGAGANTOENG MANEH.

Powe Minggoe noe anjar kaliwat di Bangsar Road Kuala Lumpur di bedeng koeli-koeli geus kapanggih hidji awewe oemoer 15 taoen ngagantoeng di kamarna.

Naon noe djadi lantaran, teu aja noe nganjahokeun.

### BAHAJA LANTARAN PEPETASAN.

Powe Minggoe noe anjar kaliwat di Paja Kladi Sebrang Perai baroedak Malajoe keur aroelin nieungeutan pepetasan.

Hidji ti antarana teroes ngadedetan botol koe pepetasan tea, di seungeut disakalikeun.

Atoeh botolna tea bitoe, belingna keuna ka tiloe boedak. Hidji boedak oemoer 10 taoen maot sapada harita, noe doeaan deui, tatoe pajah.

Pitjontoeun keur baroedak noe nalaktak.

### DITEUNGGEUL KOE BEUSI.

Powe Minggoe noe anjar kaliwat, hidji oerang Malajoe geus diteunggeul koe beusi di Boekit Mantadjam, teroes dianteurkeun ka roemah sakit, isoekna teroes maot.

Noe neunggeulanana hidji bangsa Tionghoa toekang djaga bus teroes ngiles.

### GADJAH NJAKSRAK KA LEMBOER.

Koe lantaran halodo banget, di Kuala Lipis di pakampoengan wates Nagri Klantan leuweung-leuweung noe aja rawaan panginoeman gadjah-gadjah, taloehoer.

Minggoe noe anjar kaliwat kira wantji tengah peuting, ka kampoeng Tjagarparah, geus kadatangan gadjah-gadjah, sarta ngaroegroegkeun hidji imah kongsi Tionghoa djeung di „Soengai Joe" bedeng koeli-koeli diamoek

Barang-barang noe aja di djero bedeng, dilejek koe eta gadjah-gadjah tea, sarta djelema-djelema pada birat laloempatan ka djero leuweung.

Djalan kareta api pagerna raroentoeh.

### HALODO BANGET.

Di djero tiloe minggoe noe geus kaliwat, di Singapoer geus kadjadian aja 54 kali kahoeroean.

Pagawe kompa pohara ripoeheunana, kadang-kadang dina sapowe aja 4 atawa lima kali kahoeroean, panglobana noe kahoeroe teh, nja eta tegalan noe djoekoetna garaing.

Kadjadian halodo banget noe teu kaselang pisan koe hoedjan ngan taoen ieu noe lila waktoena djeung waktoe taoen 1911 ampir-ampir 30 powe teu hoedjan sake tjlak-ketjlak atjan.

Powe Kemis noe anjar kaliwat kakara hoedjan teh toeroen, malah nepi ka 3 powe teroes ngabaseuhan nagri Singapoer.

### PARANGKO PANGELING-NGELING.

Franco pangeling-ngeling kadoea poeloeh lima taoenna karadjaan noe Maha Moelja Radja Inggris, baris didjoeal di Nagri-Nagri Slat.

Mimitina ngadjoeal ti tanggal 6 boelan Mei 1935 nepi ka boelan December taoen ieu keneh.

Franco noe baris dikaloearkeun teh doea roepa, tapi gambarna saroea, ari hargana 5 cent, 8 cent, 12 cent djeung 25 cent.

Franco noe dipake ajeuna teu meunang dipake sadjero tempo anoe kaseboet di loehoer.


1464

– I. WEDARINGSIH –

Vroedvrouw (paradji)

Djalan Bapa Soepi No. 44-16B
Kleine Lengkong — Bandoeng.


## Radio

*„N.I.R.O.M." BAGIAN LAGOE-LAGOE ASIA.*

Programma powe MINGGOE tanggal 3 Maart 1935.

*Golflengte: BATAVIA II (190 m).*

10.00: Njebarkeun roepa-roepa laroepa lagoe Malajoe tina plaat-plaat gramophoon.

11.00: Njebarkeun lagoe Djawa „Bantjak-dojok".

11.40: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Krontjong tina plaat-plaat gramophoon.

12.20: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Soenda tina plaat-plaat-plaat gramophoon.

1.00: Toetoep.

*Archipelzender (99 m): Batavia II (190): Bogor (182 m): Soekaboemi (193).*

5.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Krontjong tina plaat gramophoon.

5.30: Saeutik njaritakeun tina bab „kawarasan", biantarana Dr. Tjiong Boen Kie.

*Golflengte: Batavia II (190 m).*

6.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe anoe diloeloegoean koe Miss Jacoba (opname H.M.V.)

6.30: Satengah djam programma keur baroedak.

7.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe gambang - kromong tina plaat gramophoon.

7.30: Lezing bab paedagogie koe t. Ilias Soetan Pamenan.

8.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Tionghoa tina plaat-plaat gramophoon.

8.30: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Arab tina plaat-plaat gramophoon.

9.00: Wajang golek - tooneel.

10.00: Toetoep.

*Golflengte: Batavia II (190 m).*

Programma powe SENEN tanggal 4 Maart 1935.

5.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe krontjongsoli.

6.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe gambang-kromong ti plaat plaat gramophoon.

6.30: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Tionghoa tina plaat- plaat gramophoon.

7.00: Intermezzo koe lagoe-lagoe Barat.

7.30: Nirom-nieuwsberichten.

7.45: Djawaban ka luiterrapporten.

8.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe katjapi djeung soeling tina plaat-plaat gramophoon.

9.00: Wajang-wong-tooneel tina plaat-plaat gramophoon.

*Archipelzender (99 m); Batavia II (190); Bogor (182 m); [illegible] Soekaboemi (193 m).*

10.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Malajoe tina plaat-plaat gramophoon.

11.30: Toetoep.


SALAMINA

DAGANG ............ SARENG DAGANG KANTENAN SAMI

NAMOENG ............

Toedjoean padagang noe kantenan moal sami 10 Supertos:

Batikan, sindjang poleng, ketoe-oedeng, kopjah, palekat soetra, samarenda s. s. t.

Ka noe baranggaleuh nampina ka lajan kahormatan.

Barang-barang anoe diitjal kantenan model noe panganjarna.

Ngitjal barang sawios oeatoeng saeutik, soepados seueur ngitjalna.

TOKO **HALIM**

Wester Passar - straat No. 16 nanggel tiasa njaosan, sakoemaha anoe kasebat diloehoer MANGGA SAROEMPING!



—Perloe—
Ketoe oedeng
— Batik —
Poleng Plekat
Sloffen — — Sandal Taroempah

?

Djamoe Djawa tjampoer — Sari —
„Sportman — Tablet"

11

—Ketoe Oedeng Makerij —
Noord pasarstraat Bandoeng

E. M. MOECHTAR



Dina danget ieu oelah milari barang noe **Kwantiteit**
Tapi salamina kedah milari noe **Kwaliteit** sapertos:

Roepi-roepi sindjang atanapi saroeng batik, kaloearan Banjoemas, Solo, Djocja, s.s.t.
Roepi-roepi tinoenan Garoet, Soerabaja, Palembang, Samarinda s.s.t.
Pangaosna ditanggel njoegemakeun, sanaos meser ketengan atanapi codian, oetamina sae boektoskeun bae ka:

Toko Batik ALBANAWI
Soeniaradjaw. No.67—Bandoeng

Sadjabina ti eta, oge ngitjal roepi-roepi briliant anoe parantos djanten. 23



—: DJAMAN MALAISE :—

Dina waktos noe sakieu sesahna sadajana oge tangtos palay ngagaleuh *PARABOT LISTRIK* teh noe *MIRAH, SAE*, toe KIAT dianggona, sanes?

Oepami jaktos kitoe, oelah kali memeh angkat ka toko sanes teh, soemping heula ka *TOKO PRIBADOS.*

Sajagi roepi-roepi *PARABOT LISTRIK*, sapertos: lampoe-lampoe listrik, kap-kap lampoe tina glas nganggo kembang-kembang laloetjoe pisan, istrikaan listrik ti 150—350 watt, pamasakan listrik ti 250—450 watt, roepi-roepi *PARABOT RADIO* s.d.t., pangaos langkoeng mirah ti sanes-sanes toko.

Oge njewakeun lampoe-lampoe listrik katoet masangna kanggo dina hadjat (pesta), tampi beres ditanggel ngabingahkeun, pangaos badanten. Harmatna.

TOKO WIKARTA

Groote Postweg Oost 142 (Ketapang) Bandoeng 03



HUURKOOP HANDEL



*Pr. Soemedangweg 117a. BANDOENG.* 62

DIPILARI

Sababaraha djalmi anoe actief kangge ngitjalan barang barang paparabotan roemah tangga ti Toko Ma'moer koe djalan:

**Contant atanapi Huurkoop**

Henteu aja tanggelan (risico) naon-naon. Commissie sareng atoeranana njoegemakeun kangge di Bandoeng sareng wewengkonna. Katerangan langkoeng paos soemping ka:



PALAJ OENINGA

naon kapentingan dina Agama Islam?

Gampil langganan bae

**AL - MA WA 'IDZ**

Serat kabar Agama Islam minggoean.

Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA.



Djalan Kasehatan

Ditoedoehkeun koe




Hiu Ngi Fen's
ANGGOER TJAP BOELAN

Anggoer Obat Tjap Boelan teu kinten saena kangge djalmi noe
SALAMINA LALEULEUS
KIRANG GETIH
SEUEUR DAMEL BADAG
KIRANG BARANGTOEANG
KIRANG KOELEM
HENTEU AJA NAPSOE KANA DAMEL.
KIRANG TANAGA
SEUEUR TEUING EMOETAN

Kadjeun saoepamina salira katingalna teu aja karaosna, namoeng kangge ngadjagi kasehatan, leueut salamina Anggoer Obat Tjap Boelan.

Kenging Gratis: Ka soegri anoe ngintoenkeun 50 lambar coupon Anggoer Obat tjap Boelan ka pribados, bakal dihatoeranan gratis hidji vulpen noe sae.

Di Bandoeng tiasa kenging ti:
Tiong Hoa Hokien Yok Pang, Djin Sioe Tong, Sin Ho Hin, Eng Seng Ho, Han Choon Tong, Tji Ho Tong, Ban Ka Tjoen, Khin Hin.

Hoofd depot:
HIU NGI FEN'S TRADING COMPANY
Kesawan No. 50 — MEDAN — Post Box 14

No. rg. 900 Avd. 112



OBAT KORRENGZAL



Apotheek DE VIJZEL

A. B. C. - straat 3, — Telefoon Nos 840 en 848

Barang-barang TINA KARET

*BANTAL KOMPA*
Compleet sareng saroengna tina lawon bodas. Dipak dina does alit noe pasagi.
pangaosna 85 cent.
Nganggo saroeng tina soetra f 1.25 sareng f 1.75.

*SIKAT TINA KARET*
Pikeun panangan sareng koekoe, pangaosna 65 sareng 85 cent.
Pikeun siram sareng meuseul f 1.35 sareng f 2.25.

*SPONS*
Model pasagi pangaosna 20 ct.
Model boender ngawitan ti 30 cent.

*WADAH IJS*
Anggoeun dina tikoro, modelna pandjang pangaosna 45 cent.

*IJSKAP*
Boender nganggo schroef pangaosna 60 cent

*WADAH TJAI PANAS:*
Model alit kangge moerangkalih pangaosna 90 cent.
Model ageung „Robin" pangaosna 95 cent

*KOMPA KANGGE DADA*
pangaosna 75 sareng 95 cent